ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№106 (23.920) ● 2019 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 5, махуэку ● Тхъэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghesale.ru

КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ Май районыр къызэхекІухь

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Октябрьскэ къуажэм къыщилпІыхьащ мы жылагъуэм дэт щэнхабзэ унэр. Абы творческэ гуп зэмылІэжьыгъуэу 12 щолажьэ, кинохэмрэ концертхэмрэ щагъэлъагъуэ пэшым тІыСыпІэу 200 иІэщ, библиотекэ хэтщ. 1968 гъэм ящІа унэр къызэрызэІуахрэ зэи капитальнэу зэрагъэпэщыжакъым. Пэш кІуэцІэхэр зэкІэлъымыкІуэщ, унащхьэр, унэ лъэгур, бжэ-щхьэгъубжэр зэхъуэкІын хуейщ. Іуэхущапіэр «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым хагъэхьэу зэрагъэпэщыжынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр зыхуэфащэ унафэщІхэм зэпкърахыну хуагъэуващ.

А МАХУЭ дыдэм КІуэкІуэ Казбек хэтащ Май къалэм дэт курыт школ №3-м хиубыдэу сабий 40-м ятещІыхьауэ ящІа яслъэ къыщыдэІуахым. Ар аухуащ иджыпсту ягъэзащІэ федеральнэ проектым хиубыдэу.

Котляревскэ станицэм щІыналъэм и унафэщІым щыгъуазэ зыщищІащ хадзэкІэкІэм елэжь «Майский-Агро» мэкъумэш предприятэр къызэрагъэщІэрэщІэжым. Мыбы иджыпсту щыІэ технологие нэхъыфІ дыдэхэр къыщагъэсэбэп, мыІэрысхэр къэкІыгъэхэм псы щІэзыгъатКІуэ системэкІэ къызэгъэпэщащ. Гектар къэс нащэу тонн 60-м нэс къызытекІ хьэсхэм а къэкІыгъэр кьеХьэлІэжьным махуэ къэс щолэжь цІыху 1100-м щІигъу. Продукцэр хьэсэм къызэрыхашу зэхадзри «Агро-инвест» заводыр нэхъыщхьэм ирагъащІ, иужькІэ хьэзыр хьуа продукцэрŠčэрдей-Балъкъэрми Урысейм и щІыналъэхэми щыІэ тыкуэн нэхъ ин дыдэхэм щащІ.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхуКІащ мы Іуэхущапіэм и зэфІэкІым зэгъэзыжьэн папщІэ технологиехэр республикэм и агрокомплексым хуиБыдэ адрей Іуэхущапіэхэми къыщыгъэсэбэпын хуейуэ къызэрилытэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● Хъыбар гуапэ

Ахъуэхъу Таймураз хагъэхьащ УФ-м и Президентым егъэщІылІауэ лажьэ Советым

Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз хагъэхьащ щІыпІэ самоуправленэм зегъэужьыным пыщІа къалэнхэр и пщэ дэлъу Урысей Федерацэм и Президентым и деж щылажьэ Советым. Абы теухуа Указым УФ-м и Президентым Іэ щІидзащ 2019 гъэм шыщхьэуІум и 19-м.

Ди гуапэщ Ахъуэхъу Таймураз къэрагъэза дзыхьыр игъэпэжу, щыхуфащ яфІ зыхэлъ Іуэхухэр кьеХьулІэу лэжьэну.

«Іуащхьэмахуэ» курорт» зэгухьэныгъэм Республикэм и махуэм теухуа гуфІэгъуэм хэтыну зегъэхьэзыр

2019 гъэм фокІадэм и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэрым игъэлъэпІэнущ Республикэм и махуэр. Нэгуэзыжьэ программэ хьэлэмэтхэр къыщыдзэрагъэпэщынущ къалащхьэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Нэхъ гъэщІегъуэн дыдэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ лъэпкъ щэнхабзэхэм я фестивалыр, тхылъ жармыкІэр, шыгъажэр, нэгъуэщІхэр. Абхъазым и утыкум махуэшхуэ концертым сыхьэт 15-м щыщІидзэнущ.

А МАХУЭМ «Іуащхьэмахуэ» курорт», «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэхэм фрагъэблагъэ Іуащхьэмахуэ районым и стенд нэхъыщхьэм феплъыну. Абы Іупщіу къыщыгъэлъэгъуауэ щытынущ щІыналъэм и щІыпІэ нэхъ гъэщІегъуэнхэр, курортхэр, псы хущхьуэхэм я къыщІэжьыпІэхэр.

Апхуэдэу утыку кърахьэнущ гъэмахуэмэ щІымахуэмэ лажьэ «Іуащхьэмахуэ» курортым и иджырей щытыкІэр. Мыбы лыжэкІэ къажьхьыну зыфІэфІ, альпинизмэмрэ туризмэмрэ дихьэх цІыху куэд щызэблокІ икІи абыхэм я бжыгъэм гъэ къэс хэхъуэ зэпытщ. Стендым къыщыгъэлъэгъащ Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщыбгъэпсэхун папщІэ иджыпсту щыІэ Іэмалхэр.

«Іуащхьэмахуэ» курорт» акционер зэгухьэныгъэм и пресс-Іуэхущапіэ.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым къет

Террорым пэщІэтыныжмкІэ лъэпкъ комитетым КъБР-м щыІэ и Оперативнэ штабым цІыхухэр къыхуреджэ Республикэм и махуэр. ЩІэныгъэхэм я махуэр щагъэлъапІэ мы лъэхъэнэм дэтхэнэ зыри нэхъ сакъыну, цІыху зэхуэсхэм щыщыщІэм и деж гулъытэ зыхагъэлъэныну.

ГУфІэГъУэ дауэдапщэхэм щрагъэкІуэкІкІэ хабзэр хъумэныжмкІэ жэуап зыхь лэжьакІуэхэм законым къриубыдэу къыфхуагъэувэжр вгъэзащІэ. Апхуэдэ щІыпІэхэм щызеофхьэ хъунукъым къэлыдыкінкІэ, къэузнкІэ хъуну пкъыгъуэхэр, пиротехникэ Іэмэпсымэхэр, сэ зэмылІэужьыгъуэхэр, хъурджын инхэр. Автотранспортыр хухаха щыпІэхэм щыгъэувын хуейщ.

Терроризмэм и щІэпхъаджагъэхэр къэхъункІэ зэрыхъунум, цІыху щхьэхуэхэм къагъауэ пкъыгъуэхэр, Іэщэ зэрапІыгъым, апхуэдэу щІэпхъаджагъэхэр ялажьыну зи мурад щІыхухэр а щІыпІэм зэрыщыІэм щыгъуазэ фыхъуамэ, абыкІэ хабзэхъуэм органхэм икІэщыпІэкІэ хъыбар евгъащІэ.

ГуфІэгъуэ зэхьхьэхэм кІуэн ипэкІэ сабийхэм ягу къэвгъэкІыж щІыху куэд щызэхуэс щІыпІэхэм щысакъын, хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр здэщымылъыпхъэхэм щылъу ирихьэлІамэ еІуСэн зэрыхуэмейр.

Хабзэхъумэхэм я1эрыбгъэхьа дэтхэнэ хъыбарри икІэщыпІэкІэ къапщытэнущ икІи щІыхухэм шынагъуэ къатемыхьэн папщІэ зыхуей псори ялэжьынущ.

ПІэщІэгъуэкІэ фызыдзэпсалъэ хъуну телефонхэр:

КЪБР-м и Оперативнэ штабым: 481-548;

УФ-м и ФСБ-м и управленэу КЪБР-м щыІэм: 481-602, 481-581;

КЪБР-м щыІэ МВД-м: 404-910;

УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и «Э» центрым: 427-052;

Урысейм Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КЪБР-м щыІэм : 423-592;

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыІэм; 475-609,742-820.

Террорым пэщІэтыныжмкІэ лъэпкъ комитетым КъБР-м щыІэ и Оперативнэ штаб.

Журналист цІэрыІуэм и фэеплъ фестиваль

«Ныбжьэгъу зэхуэхъуэхэр» киномрэ телевидениемкІэ Кавказ Ищхьэрэм и фестиваль зэІухар, жэпуэгъуэм и 5 - 9-хэм Налшык щекІуэкІынущ. Зэхуэсыр хуагъэпсау ар къызэзыгъэпэща икІи и президенту щыта, культуролог, журналист Кусовэ (Чыхъуэ) Сулиетэ и фэеплъым. Абы хэтын папщІэ мы гъэм заявкэ 368-рэ къатати, конкурсым и комиссэм лэжьыгъэ 57-рэ кьыхихащ. Абыхэм яхэтщ Налшык щыщ режиссёрхэм я лэжьыгъэ 4.

ФЕСТИВАЛЫР мы гъэм ирагъэкІуэкІ Президент грантхэм я фондым и мыльку кІэ. Абы хэтхэр номинацэу тхум щызэпеуэнущ икІи ипэ уэрыпІэр зыхуагъэфащэ фильмхэм сом мин 70 хухахынущ. СауГэт нэхъыщхьэр, сом мини 100 хъур, Кусовэ Сулиетэ и цІэкІэ яГъэуващ.

Фестивалым хэтщ ди къэралым и щІыналъэхэм я нэхъыбапІэм, нэгъуэщІ къэралкуэдым я лІыкІэхэр. Мы Іуэхуэр КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я дэІэпыкъуныгъэкІэ ирагъэкІуэкІ икІи абыхэм зыщІагъэкъуэнущ Урысейм и Журналистхэм я союзым, УФ-м и Кинематографистхэм я союзым, КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Кавказ лъэпкъхэм я урысей конгрессым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Фокіадэм и 5, *махуэку*

♦Псапэ щІэным и дунейпсо махуэщ

♦Индиием щагъэлъапІэ егъэджакІуэм и махуэр

♦1666 гъэм Лондон щагъэункІыфІащ махуищкІэ зыпэмыльэщ мафІэсыр. Абы цІыху 16 хэкІуэдат, кІэлъым и ухуэныгъэхэм я Іыхьэ щанэр - унэ минипщІым нэсыр - хисхат.

♦1698 гъэм Пётр Езанэм жьакІэ зытетхэм кьуэды ятын зэрыкъуэм теухуа унафэ кьыдигъэкІащ.

♦1827 гъэм Урысейм Тенджвз Іуэхуэхмкіэ и министерствэр къызэрагъэпэщащ.

♦1905 гъэм Урысеймрэ Япониемрэ Іэ традзащ мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэм, къэзралитІым яку дэлъа зэуэр зэриухам и щІыхьэту.

♦1915 гъэм император Николай ЕтІуанэм и пщэ дильхьэжащ Япэ дунейпсо зауэм хэт урысеидзэм и унафэр щІынІыр.

♦1936 гъэм Бахъсэн ГЭС-р лажьэу нутІыпщащ.

♦1941 гъэм, фашистыдзэхэр къалащхьэм ГъунэгъуІ къыхухэзыурти, Москва яужь щихьащ зи ныбжьыр илъэс 12 иримыкъуа сабийхэр кьалэм дзгъэІэпэхъуКІыным.

♦1941 гъэм нэмыцэдзэхэм Эстониеи и щІыналъэр зэрыщыту яубыдащ.

♦1982 гъэм япэ дыдэу Москва - Лос-Анджелес къалэхэр «телелъэмыж» жьыуаІэ Іэмалымкіэ зэпащІащ.

♦1997 гъэм Москва къыщызэІуахащ Пётр Езанэм и фэеплъыр, скульптор Церетели Зураб ящІар. Фэеплъыр къызэІуахат Урысей флотыр, Пётр Езанэм ясыхэзэрыгъэпэщар, илъэс 300 щрикъум ирихьэлІэу.

♦1997 гъэм XXVIII Олимп Джэгуэр 2004 гъэм щекІуэкІынну къалэу яГъэуващ Альдыжым и къалащхьэ Афины.

♦Урыс усакІуэ, тхакІуэ, драматург **Толстой Алексей** къызэралъхурэ илъэс 202-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, композитор, пшынауэ, уэрэджьакІуэ, КЪБР-м гъазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэжэр Индрис** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦Совет космонавт, авиацэм и генерал-майор, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъужь **Николаев Андриян** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦УФ-ми КЪБР-ми щІыхь зиІэ я энергетик, жылагъуэ лэжьакІуэ **Къущхьэ Мухьэжид** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Инджылызым щыщ уэрджьакІуэ, музыкант, «Queen» гупым и солисту щыта **Меркьюри Фредди** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ и министру щыта, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Швыдкой Михаил** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Пересильд Юлие** и ныбжьыр илъэс 35-рэирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхьэнущ.

Фокіадэм и 6, *мэрем*

♦Болгариер щызэгухьэжа махуэщ. 1885 гъэм Болгариер пащтыхьыгъуэм гухьэжащ КъуэкІыпІэ Румелие щыналъэ

♦Пакистаным щагъэлъапІэ зыхьумжьныгъэм и махуэр.

♦1872 гъэм Берлин щызэІуащІащ императориц: Вильгельм Езанэр (Германие), Франц Иосиф Езанэр (Австро-Венгрие), Александр ЕтІуанэр (Урысей). Аущэр тепсэлъыхьащ я къэралхэм я зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэным, я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным. Инджылыз-урысей зэхущытыкІэхэр зэрызэІихьам къыхэкІыну, Урысейм дарэгъуэхэр кьыщилъхьуэн хуей хуэщ Германиемрэ Австро-Венгриемрэ я деж. Адрей къэралхэми я сэбэп зыхэлъхэр пхагъэкІын щхьэусыгуэт абы къыкъуэувэныр къызыхэкІащ.

♦1936 гъэм «СССР-м и цІыхубэ артист» цІэ лъапІэр яГъэуващ. Япэ дыдэу ар зыфІащахэм ящыщщ Немирович-Данченкэ Владимир, Станиславский Константин, Качалов Василий, Москвин Иван, Неждановэ Антонинэ сымэ. СССР-м и тхыдэм щыиужьрейуэ, 1991 гъэм, а цІэр хуагъэфэщауэ щытащ Пугачёвэ Аллэрэ Янковский Олегрэ.

♦1939 гъэм Ленинград, Райкин Аркадий и унафэщІу, къыщызэІуахащ Эстрадэ миниатюрэхэм я къэрал театрыр.

♦1939 гъэм Налшык щыгъэжапІэ къыщыщІэуахащ.

♦1940 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кьыдигъэкІащ Къэрал кІэлъыплъыныгъэмкІэ лъэпкъ комиссариатыр зыщызэрагъэпэщым теухуауэ.

♦1942 гъэм ВЛКСМ-м и обкомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэр къыхуриджащ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм яльэкІ псомкІи ящІыгъуэну.

♦1947 гъэм Москва къалэр илъэс 800 зэрырикъум и щІыхькІэ щыхьэрми абы и метроми Лениным и орденыр ирагъэу щытащ.

♦1955 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къищтащ «ХуэкІуэм и махуэр и илъэс къэс гъэлъэпІэным теухуауэ» унафэр.

♦1956 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къищтащ Сталиным и цІэр зезыхьэ саугъэтхэр Лениным и цІэр зезыхьэ дунейпсо саугъэтхэу зэхъуэкІыным теухуауэ.

♦1989 гъэм париждэс мин 41-р я къэзыгъэуІэбжьа тхыгъэхэр я1эрыхьат - цІыху ягуІэу, яхъунщІауэ я1гъэкъуаншэрт ахэр. Ар къызыхэкІар компьютерыр зэрыщыуарщ - гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр кьыдзэрыгъэпэрт хьыбар зэрыраГъащІэ тхылъхэм итын хуейр.

♦1991 гъэм РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кьыщтащ Ленинград къалэм и цІэр Санкт-Петербургыу, зэхъуэкІыжыным теухуауэ. 1712 - 1728, 1732 - 1918 гъэхэм ар Урысейм и къалащхьэу щытащ.

♦1991 гъэм СССР-м и Къэрал Советым къищтащ Эстониер, Латвиер, Литва республикэхэр щхьэхуит зэрыхьум теухуа унафэ.

♦2001 гъэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэкІуащ.

♦Урысей пащтыхь, Пётр Езанэм и къуэш **Иван V** къызэралъхурэ илъэс 353-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, композитор, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Светланов Евгений** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и ЛІыхъужь **Куэш Алий** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Президентым экономикэ Іуэхуэхмкіэ и дэІэпыкъуэгъуу, къэралым финансхэмкІэ и министру, УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэу щыта **Лившиц Александр** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щыгъуэ Іуэхуэхмкіэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щэрдан Анатолий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КЪБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Жамбэч Розиттэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх кьыщещынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Вы ныш нэхърэ - нэщхъыфІэ.

● Пэкіуэхэр

Дэ террорым дрибийщ

ФокІадэм и 3-р Терроризмэм ебэныным и махуэщ. ЦІыхухэр зэкъуэту терроризмэм пэщІэтыным теухуа Іуэхуэхэр егъэкІуэкІыныр къэралым хабзэу щагъэувауэ щытащ 2005 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м.

КЪЭБЭРДЕЙР Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам и цІэр зэрихьэу Налшык щыІэ утыкум дежь гъубж кІуам щекІуэкІащ терроризмэм ебэныным хуэгъэпса республикэпсо пэкІуэр. Абы яГу къыщыдгъэкІыжащ 2004 гъэм фокІадэм 1 - 3-хэм Беслъэн къалэм щалажьа щІэпхъаджагъэм хэкІуэдахэр, апхуэдэуи Москва, Будённовск, Первомайск, Буйнакск, Волгодонск къалэхэм террористхэм щаукІаІэхэр.

Зэхуэсым кьыщыпсэлъащ КЪБР-м и терроризм щыпщІэтынымкІэ щыІэ «Мир дому твоему» жьыгагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Шыбэхъуэ Суфэдин**.

- Дэ зэи тщыгъупщэнкъым Беслъэн къыщыкхъуа нэщхъеягъуэр. Абы щыгъуэм школым щІаубыдат цІыху 1128-рэ. А хьэщхьэрыІуэхэм яуІа цІыху 333-м ящыщу 186-р сабийт. Дуней псом зэпъащІысат а гуауэр, - жиІащ Шыбэхъуэм. - «МелыІычхэм я къалэ» зыфІащащ, а цІыкІуэр зыщІалъхьа кхъэм щыщІупльэкІэ, уи гур къимыузыкІын плъэкІыркъым. «Сыт апхуэдэу къыщІэхъуар?» - а упщІэм и жэуапыр нобэр къыздэсми зГъэутыркъым сэ. Лейзехьэхэм зэи гъэзгу яГъэутынкъым. Си къэпсэльэныгъэр сухьну сыхуейт. Чехием щыщ журналист Іэзэ Фучик Юлиус и къыхуеджэныгъэмкІэ: «ЦІыхухэ, набдзэгубдзапльэу фыщыт».

- Дэ нобэ дигу къыдогъэкІыж илъэс 15 ипэкІэ Беслъэн къалэм къыщыхъуауэ щыта гуауэр. Мыбдежьым къызэрыщыхъагъэщащи, лажьэншэу цІыху куэд щыхэкІуздащ абы. Дэтхэнэ зыми хуэдэу, ар къызэрымыкІуэу гущІыхьащ сэркІи. Апхуэдэ хьэкІэжъуэкІагъэр абыхэм ялэжьащ ислъам диныи и лъабжьэм щІэт хуэдэу. Ауэ сэ вжеСІэну сыхуейщ - ислъам диныи сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи террорыр идэркъым. Абы и щыхьэту, Алыхьышхуэм и псалъэу КъурІэн лъапІэм къыщыкІуэ Іэятит1ым я гугъу фхуэсщІыну сыхуейт.

Дэтхэнэ зы муслъымэмэн мыхъумыщІагъэ щылэжькІэ, псом яп3 егупсысыпхъэщ ар зылэжьыр: къэзыгъэщІа Тхъэшхуэр арэзы хъуну пІэрэ а ІуэхущІафэмкІэ? Мусльымэн нэсым апхуэдэ гупсысхэр иІэущ Іуэху зэрилажьыр. КъурІэным и нэгъуэщІ зы Іэятми къыщокІуэ: «Зы цІыху хей зыуклам мы дунейм цІыхуу тетыр иукІа пэльытэщ». Иджы мыпхуэдэ упщІэ кьоув, сыт а лейзехьэхэр зыщыгугъар, лажьэншэ сабийхэр щаукІым щыгъуэ? Мухьэмэд бегъымбар лъапІэм и зэманым щыгъуэ зэуапІэм Іухьэхэр къыхуриджэрт: «Сабийхэмрэ цІыхубзхэмрэ я гугъу фымыщІ, члисэхэр фымыкъутэ, я гъавэхэм фемыуСэ» - жиІэу. Абыхэм къагъэпэлъэгъуэр зыщ: апхуэдэ лейр кьызэхуэгъуэн щыІэкъым, - жиІащ КЪБР-м и Мусльымэнхэм я дин Іуэхущапіэм и тхьэмадэ **Дзасэжь Хьэзрэталий**. И къэпсэльэныгъэм иужькІэ, абы кьызэхуэсахэм дауэ яригъэщІащ.

Урысей члисэм Налшык округымкІэ и благочиннэ **Бобылёв Валентини** и гугъу ищІащ терроризмэм нэщхьеягъуэу цІыхухэм къахуихьым.

- ДыкъэзыгъэщІа Тхъэшхуэм къытхуигъэувыраци, зыгуэрым и псэм гуэзвэгуэ теплъхьэнкІэ, кІэрымылъ кІэрыплъхьэныр хьэзабышхэущ, цІыху уклным и гугъу умыщІыххэми, - жиІащ абы. - Дэ дыкъэзыгъэщІам долъэІу мы дунейр мамыру щІэтынымкІэ, а мамыр дунейм псэ зыІуту тету хъуар щытхъумэну ди къалэнщ дэ.

Бобылёвыр къэпсэльа нэужь, террористхэм я зэранкІэ хэкІуэда псоми православнэ дауэдапщэхэр иращІэкІащ. Кьызэхуэсахэри дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ.

Къуплькъум къыхэкІыжа офицерхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Аттаев Жашарбек** жиІащ: - Гуаузщ лажьэншэ цІыхухэр лейзехьэхэм я зэранкІэ щыхэкІуадэм деж. Беслъэн кьыщыхъуа нэщхьеягъуэм къегъэльагъуэ террористхэм цІыхугъэ зэрамыІэр, уеблэмэ абыхэм цІыхукІэ уеджэну жьэм кьыпхуегъакІуэркъым. Нобэ илъэс 16 ирокъу Миноводы къалэм кьыщыхъуауэ щыта нэщхьеягъуэр. Кисловодск къикІ мафІэгур абы щыгъуэ лейзехьэхэм къагъуат. Сытыт абы хэкІуэдахэм я лажьэр?! Дэ ди къалэнщ щыхьэм я гур зэІуахуэ, хуиту псэун папщІэ дызэкъуэузэу а уз шынагъуэм дебэныну. Сэ сызэреплъымкІэ, зи Іуэху къэзыгъаныр мыбы къэхъуа Іэтхэзэнэми апхуэдэ гупсысэщ иІэр. Дэ терроРым дрибийщ.

- Нобэ дыкъэщІыщэхуэсар терроРым и зэранкІэ ди къэралым фІэкІуэда цІыхухэр ди гум къэдгъэкІыжыныРщ, апхуэдэуи, а къару шынагъуэм дыпощІэтынырщ. Ди зэгухьэныгъэм кьыбгъэдкІыу, нэхъыжьхэм зыфхуэзгъэзэну сыхуейт: ди лъахэм зэгурыІуэныгъэ илъыныжмкІэ тхуэзэфІэкІ псори длэжьыну фыкъыдогъэгубз, - жиІащ «КъБР-м и Волонтёрхэм я центр» жьылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Самофалова Светланэ**.

Кьыщэхуэсахэм зэІущІм и кІэуухым Іэ1эткІэ къащтащ зэкъуэту терроризмэм ебэныным теухуа республикэпсо резолюцэр.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Лъэужь дахэ къэзыгъэна Тыркуин Анатолэ 75

КъБР-м щохъэщIэ УФ-м и МЧС-м и тхъэмадэ Шойгу Сергей. *2001 гъэ*

Политик лъэщу, къулыкъущIэ пэжу, Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэфIэхэр щаIэу лажьэ IэщlагъэлI щIэрыIуэу адыгэр зэрыгушхуэр мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ зи фэеплъ нэху дунейм кьыдгъэна, ноби зи щIэр фIыкIэ ираIуэ Тыркуин Анатолэ. Мэздэгу щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм къахэкIа щIалэр балигъыпIэ щиувэм еджакIуэ зиуиэгъэр Налшыкыц. И хэкужь къихьажу щIэныгъэ зригъэгъуэта нэужь, абы игъэзэжакъым, нэгъуэщI щIыпIэ Iэпхъуакъым, атlэ и щIэныгъэри зэфIэкIри и адэжь лъахэм кьыхуигъэсэбэпу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуащ.

ТЫРКУИН Анатолэ Тимофей и кьуэр Ставрополь крайм хыхьэ Курской щIыналъэм щыщ Азэней къуэжьэм 1944 гъэм шыщхьэIуфм и 12-м къыщалъхуащ. ИналъхьлIэ дзт илъэсибл школым, Графскэ къутырым и Правительствэм и Унафэщым и кьудэзэу щылэжьа зэманхэм абы иIа Iулыджьымрэ зэфIэкIымрэ къызэрымыкIуэт. И унафэщIхэмри, и унафэ щIэтхэми, и лжьэгъэ хэмри пщIэшхуэ къыхуащIырт Анатолэ.

Езыр зэрыщIыхушхуэм хуэдэу гушхуэ кIуэщIилът абы. ЩIыналъэхэм унафэщIу щIалажьэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ федеральнэ кьулыкъущIэхэм зэрабгъэдэтыфми. Тыркуиныр абы и лъэныкъуэкIэ цIыху щIыпкIэт, дэтхэнэми зэрыгъэдыкIхэн Iэмалрэ зэрелъэсэлъэн бзэрэ кьигъуэтыфырт, и лжьэгъуэхэри ныбжьэгъу кьищIыфырт.

Илъэс хиша лъагъуэм тыншу ирикIуэну зыфIэфI кьэрал Iуэхуэхьэтэкъым Анатолэ, атlэ щIэуэ зыгуэр ихуэну, гъэзэгущIэ пхишIну зыпищI щыIэтэкъым. МЧС-м и нэхъыщхьэу щагъэувам, а Iэнатlэр ди республикэм щIэуэ щыIэтри-гъэуващ, кьудамэхэр зыхуей хуэзэу къыхэIуихри, щылажьэнухэри зыхуэфащэу къыхихащ. Абы и IуэхуэхьэкIэм къыпэкIуа хъугъэфIыгъуэхэр ди хэгъэгум дежкIэ уасэ зимыIэщ. И цIыху щIыкIэкIэ, лжьэгъэм зэрыхуэжьджэрымкIэ куэдым япэ ищыфырт Тыркуиныр. Къыпэщылъ кьалэныр зыгуэрым пщэрылъ щIищIу арэзыуэ зэи тIысыжьрэ-къым адыгэ щIалэр, атlэ емыгтIысэхьу и нэкIэ зригъэпльагъуэн хуейт Iуэхур здынэсар, зэхихын хуейт абы пэрытхэм жаIэр.

Налшык щылажьэми, Анатолэ щыгъупщэртэкъым къызыдэкIа Азэней жьлэри, къызыхэкIаХэри. Ар сытым дежи сэбэп яхуэхъурт мэздэгу адыгэжэм, апхуэдэуи и лъэпкъэгъу зыдэс жьлэхэм я зыужьыныгъэр и нэIэ щIигъэкIыртэкъым.

ТЫРКУИНХЭ Тимофейр Лидиерэ илъэс дахэ куэд кьызэдагъэщIащ. КъащIэхуа бынипщIым ящыщу тхуращ балигъ хъуар, адрейхэр пасэу дунейм ехыжащ. Хъыджэбзишрэ щIалитIрэ зэдапIащ абыхэм, быным я нэхъыщIэр Анатолэт. Арат щIэныгъэм хуэнэхъуеиныжри, унагъуэм пасэу къахэкIри, еджакIуэ Налшык къэкIуат. Еджэн къызэриухыу унагъуэ иухуащ, мэздэгу адыгэхэм ящыщ Дзэ ЗухэIэ япхъу Людмилэ щхьэгъусэ хуэхъуащ. Унагъуэр дамэу зиIа цIыхухъуэм ящыщщ Тыркуиныр. Ар ноби гуапэу ягу ильэу нэхъ гъунэгъу дыдэу гъащIэм щIигъэхам.

- Хэбрэдей-Балъкъэр кьэрал университетым дыщызэдежащ Анатолэрэ сэрэ. 1971 гъэм дыззрышащ. Илъэс 37-кIэ насыпыфIэу дыззэдэпсэуащ, зыпхъу диIэщ, - кьыддогуашэ Людмилэ.

Цыху лъэрызехьэт Тыркуиныр, ауэ пIыпIэ иуа нэужь, и гум псэхуплэ кьиртыртэкъым, езым ар кьридзэртэкъым. Зыхуэсакъыжьын зэрыхуейр сытым дежи жраIэ зэпытт, дохутырэри и ныбжьэгъушхуэри, я чэнджэщ щIыщIэртэкъым. И гур тIэу операцэ ящIащ, иужьрейуэ сымаджэ щIэхуэм къахуегъэлажьэм.

- Гушыlэ фIэфIт Анатолэ. Абы кьикIыркъым сытым дежи хъыбар дыхьэшхэнэр жиIэжу, атlэ Iуэхур здекIуэкIым абы хуэкIуэн гушыlэ, ауан гуэр игу кьэкIыжьынти, уигъэгушхэнт, утригъэунт, - пещэ адэкIэ Людмилэ. - УнагъуэкIэ фIыт, хуэдэ къэгъуэтыгъуейт. Ди хъыджэбз закъуэм хуэнэхъуеинштэ. Езым и сабиигъуэм зыхущIащIауэ кьиныытэ псори и сабиим зэрыритыныи иужь итащ. АпхуэдизкIэ гулъытэшхуэ иIэу кьигъэхъуэрти, щигъэкIыну кьыесщыхъурт. АршхьэкIэ, Тхъэм и фIыщIэщ, хъыджэбзыр зэпIэзэрыту балигъ гъащIэм хуэнэщIащ, зэхихын хуейт абы пэрытхэм жаIэр.

Налшык щылажьэми, Анатолэ щыгъупщэртэкъым къызыдэкIа Азэней жьлэри, къызыхэкIаХэри. Ар сытым дежи сэбэп яхуэхъурт мэздэгу адыгэжэм, апхуэдэуи и лъэпкъэгъу зыдэс жьлэхэм я зыужьыныгъэр и нэIэ щIигъэкIыртэкъым.

Гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ цIыхуэхэми лэжьыгъэми ябгъэдэта адыгэлIым и Iуэжьыфlхэр иджыри кьыздэсым яIэт. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьудэзэу щылэжьа зэманхэм абы иIа Iулыджьымрэ зэфIэкIымрэ къызэрымыкIуэт. И унафэщIхэми, и унафэ щIэтхэми, и лжьэгъэ хэми пщIэшхуэ къыхуащIырт Анатолэ.

Езыр зэрыщIыхушхуэм хуэдэу гушхуэ кIуэщIилът абы. ЩIыналъэхэм унафэщIу щIалажьэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ федеральнэ кьулыкъущIэхэм зэрабгъэдэтыфми. Тыркуиныр абы и лъэныкъуэкIэ цIыху щIыпкIэт, дэтхэнэми зэрыгъэдыкIхэн Iэмалрэ зэрелъэсэлъэн бзэрэ кьигъэтыфырт, и лжьэгъуэхэри ныбжьэгъу кьищIыфырт.

Илъэс хиша лъагъуэм тыншу ирикIуэну зыфIэфI кьэрал Iуэхуэхьэтэкъым Анатолэ, атlэ щIэуэ зыгуэр ихуэну, гъэзэгущIэ пхишIну зыпищI щыIэтэкъым. МЧС-м и нэхъыщхьэу щагъэувам, а Iэнатlэр ди республикэм щIэуэ щыIэтри-гъэуващ, кьудамэхэр зыхуей хуэзэу къыхэIуихри, щылажьэнухэри зыхуэфащэу къыхихащ. Абы и IуэхуэхьэкIэм къыпэкIуа хъугъэфIыгъуэхэр ди хэгъэгум дежкIэ уасэ зимыIэщ. И цIыху щIыкIэкIэ, лжьэгъэм зэрыхуэжьджэрымкIэ куэдым япэ ищыфырт Тыркуиныр.

И унагъуэр и гъусэу зегъэпсэху.

Дзэ ЗухэIэ яхуэпхъу Анатолэ щхьэгъусэ хуэхъуащ. Унагъуэр дамэу зиIа цIыхухъуэм ящыщщ Тыркуиныр. Ар ноби гуапэу ягу ильэу нэхъ гъунэгъу дыдэу гъащIэм щIигъэхам.

- Хэбрэдей-Балъкъэр кьэрал университетым дыщызэдежащ Анатолэрэ сэрэ. 1971 гъэм дыззрышащ. Илъэс 37-кIэ насыпыфIэу дыззэдэпсэуащ, зыпхъу диIэщ, - кьыддогуашэ Людмилэ.

Цыху лъэрызехьэт Тыркуиныр, ауэ пIыпIэ иуа нэужь, и гум псэхуплэ кьиртыртэкъым, езым ар кьридзэртэкъым. Зыхуэсакъыжьын зэрыхуейр сытым дежи жраIэ зэпытт, дохутырэри и ныбжьэгъушхуэри, я чэнджэщ щIыщIэртэкъым. И гур тIэу операцэ ящIащ, иужьрейуэ сымаджэ щIэхуэм къахуегъэлажьэм.

- Гушыlэ фIэфIт Анатолэ. Абы кьикIыркъым сытым дежи хъыбар дыхьэшхэнэр жиIэжу, атlэ Iуэхур здекIуэкIым абы хуэкIуэн гушыlэ, ауан гуэр игу кьэкIыжьынти, уигъэгушхэнт, утригъэунт, - пещэ адэкIэ Людмилэ. - УнагъуэкIэ фIыт, хуэдэ къэгъуэтыгъуейт. Ди хъыджэбз закъуэм хуэнэхъуеинштэ. Езым и сабиигъуэм зыхущIащIауэ кьиныытэ псори и сабиим зэрыритыныи иужь итащ. АпхуэдизкIэ гулъытэшхуэ иIэу кьигъэхъуэрти, щигъэкIыну кьыесщыхъурт. АршхьэкIэ, Тхъэм и фIыщIэщ, хъыджэбзыр зэпIэзэрыту балигъ гъащIэм хуэнэщIащ, зэхихын хуейт абы пэрытхэм жаIэр.

Налшык щылажьэми, Анатолэ щыгъупщэртэкъым къызыдэкIа Азэней жьлэри, къызыхэкIаХэри. Ар сытым дежи сэбэп яхуэхъурт мэздэгу адыгэжэм, апхуэдэуи и лъэпкъэгъу зыдэс жьлэхэм я зыужьыныгъэр и нэIэ щIигъэкIыртэкъым.

Анатолэ кьыпхуэмыщIыхужыну зыдихьэужат и пхъурылъхум. Абы дэрэжэгъуэ адэшхуэм кьиртыр зы пщалъэ гуэркIи кьыпхуэлъытэнтэкъым. Уеблэмэ, Анатолэ кьыдэлажьэхэр иригушIэу щытащ: «Тыркуиныр и пэшым ущIыхьэрэ и пхъурылъхум ущIэупщIэмэ, апхуэдизкIэ кьэгумахэнущи, узыхуей псори асэхьэтым пхузэфIигъэкIынущ», - жаIэрт.

Артур езыри и адэшхуэм пищI щымыIэу кьэхъурт, я псэр зы чысэм ильщ жьпIэну. Илъэс 21-рэ мэхъу Артур иджыпсту, и адэшхуэм хуэфащэу дунейм тетыну иужь зэритым, ар зэрыщымыгъупщэм сыщогуфыкIэрэ. Дадэ зыщIэса унэр, дадэ зэрыса машинэр - псори фIэIапIэщ...

Тыркуин Анатолэ гуапэу зиигу кьэзэгъэкIыжыр и унагъуэм и закъуэткъым, атlэ ди республикэм щыщ зы лъыкIыщIэ куэдым и цIэр фIыкIэ ираIуэ. Апхуэдэуи, илъэс бжыгъэ гуэр щирикъум деж, зэхихьэхэр, фэеплъ пшыхьхэр Къэбэрдей-Балъкъэрми, Ставрополь краими щыхуащI.

ДунеIм дахэу тета, цIыхум гуапэу яхущIа, Iуэхум пэжу пэрыта адыгэлIым и лъужьыр апхуэдэщ. И унагъуэм, кьыдалъхуахэм, и ныбжьэгъухэм я Iуэху фIы хъуным и закъуэткъым ар щIэпсэури щIэлажьэри, атlэ и лъэпкъым и кьэкIынур зэригъэдэхэным, и хэкум и зыужьыныгъэм псэемыблэжу хуэпэжащ. Абы и лэжьыгъэфIым папщIэ кьыхуагъэфэщащ кьэрал дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъ куэд. 1981 гъэм Тыркуиным кьыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, кьыфIащащ «УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр. Ар текIуэныгъэм я гъэхэм я кандидат.

И ныбжьыр илъэс 64-м иту дунейм ехыжащ Тыркуиныр. И гъащIэр мащIэми, и лъэужьыр инт Анатолэ. Ар хэкупсэ нэсу, хэкулI пэжу зэрыщытам фIыщIэ куэд кьыхуихьащ псэуху, и фэеплъри мыкIуэдыжьын зыщIар аращ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

«Урысей зэкъуэт» партым хэхакIуэхэм зэрызахуигъазэ программэ

2019 гъэм фокIадэм и 8-м КъБР-м и Парламентым и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр хахьнущ. «Урысей зэкъуэтым» куэд щIауэ кьигъэльэгъуащ лъэпкъыпсо политикэ пашэм и кьалэнхэр зэригъэзэщIэфынур, цIыхубэм я парту зэрыщытыфынур. Дэ хэхьныгъэм дыхуокIуэ ди жылагъуэм хиубыдэ цIыху гуп псоми я лIыкIуэхэм дащIыгъуу.

Дэ ди программэр - зэфIэгъэкIым хуейуэ щыIэ IуэхуэхэмкIэ, зыхуэдгъэуфыж мурадхэмкIэ, лэжьыгъэхэм я унэныгъэхэмкIэ гъэнщIащ. Ауэ ди программэм щыхэплъэкIэ дэтхэнэ зыри щIэупщIэ хъунущ: «Сыт хуэдэ муради утыку кьитлъхьэ хъунущ. Ауэ партым зыхуигъэувыж кьалэнхэр зэригъэзэщIэну и гугъэр дауэ?» Дызыхуэплъэ Iуэхуэхэр зэфIэдгъэкIын папщIэ дэ хэкIыпIэхэр диIэщ. Ахэр кьэралым и Президентым и указхэр гъэзэщIэныжьмкIэ зэкIыпIэхэрщ, кьалэнхэм проектхэр и лъабжьэу ябгъэдыхьэнущ.

Илъэс 13 япэкIэ дэ едгъэжьауэ щытащ лъэпкъ проект мыину гIыбу: «ПсэупIэ», «Узыншагъэр хъумэныр», «Егъэджэныгъэ», «Жуажэ» проектхэр. Кьэралым я инагъкIи гугъуагъкIи зыхуэбгъэдэн щымыIэ кьалэныншхуэхэр кьыпэщытщ. ПсэупIэр икъукIэ зэпэубыдащ. Иджыпсту псори зыщыIуаэзэ икIи зыубгъуауэ кьагъэсэбэп ипотекэр кьежьа кьудейуэ арат. Иджы псэупIэ унэу метр зыбгъуэзнатIэ мелуанэрэ яухуащ, школхэр, поликлиникэхэр, сымаджэщхэр ящI, лажьэу щыIэхэр ирагъэфIакIуэ.

Илъэс кьэд ныбжьэрэ республикэм проект инхэр щагъэзащIэ икIи абыхэм я фIыщIэкIэ парахэр, пщIантIэхэр, цIыху зэхьхьэпIэу щыт щIыпIэхэр егъэфIакIуэным, сабий садхэр уху хуэным, щэнхабзэ унэхэмрэ театрхэмрэ я мылъку-техникэ лъабжьэр егъэфIакIуэным, кьуажэхэм дэт еджапIэхэм я спорт залхэр кьэгъэщIэрэщIэжьным трагъэкIуэдэн папщIэ зыхуеину ахъшэ кьыдагъахуэ.

А щIыкIэм тету, проектхэр зэрагъэзэщIам, нэгъуэщI лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIам Iуэху хъарзынэхэр кьрикIуащ. Ауэ зыужьыныгъэр ущыхуейм деж зэгъэзэгъэныгъэр пщегъэкIуэкIынукъым, абы кьыхэкIыу дэ делэжьын хуейщ стратегие проектыщIэхэр зэхэлъхьэным. А проектхэм ящыщ Iыхьэр хуауэнэтIынущ лъэпкъ проектхэр щагъэзэщIа Iэнатlэхэм нэхъри зегъэужьыным. Ауэ абы кьикIыр зэгуэр ялэжьахэм кьытрагъэзэжыну аракъым - Iуэхур зэрытехуар иращ лэжьыгъэхэм кьызэрыщIрамыгъэубыда е ахъшэр щахуримыкъуа унэтIыныгъэхэм я зыужьыныгъэм пыщэнырщ. Абы кьыхэкIыу дэ ди мурадщ узэншагъэр хъумэныр, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, апхуэдэу псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ къалэхэр егъэфIакIуэныбмрэ яхуэунэтIа лэжьыгъэхэр адэкIи едгъэкIуэкIыну.

Пщlэ зыхуэтщI ди хэкуэгъуэхэ! ЗэфIэгъэкIа мыхъуахэм утешхыдыхьыну тыншщ. Ди партым иджыпсту и тетыгъэщ, абы кьыхэкIыу дэ сытым дежи даубыдыщ - апхуэдэщ гъащIэм и хабзэр. Ди партым хэтщ Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэ икIи сэбэпныгъэшхуэ кьахьу лажьэ щIыхьэр, дэ зыхуэфащэ программэ, зыужьныгъэм хуэунэтIауэ зэфIэгъэкIын хуейхэм я план дэ диIэщ икIи быдэу ди фIэщ мэхъу гъащIэр егъэфIакIуэну зэфIэкI зэрыдбгъэдалъыр.

Дэ зыкIи зыдгъэззэхуэжьрыкъым гугъуехь пыухыкIахэр кьызэрызэдмыкIэкIыфамкIэ икIи ахэр кьызэнэкIыным хуэфащэн кьару зэредмыхьэлIамкIэ. Ауэ фи дэIэпыкъуныгъэр, кьытхувиIэ фIэщхъуныгъэр кьэдгъэсэбэпурэ дэ республикэм щыпсэуэ я сэбэп зыхэлъхэр адэкIи дателъэжьфынущ.

ЩIыналъэ парламентым законхэр кьызэрыдигъэкIым кьыдэкIуэу, властым и лIыкIуэ органуи щытщ. ЛIыкIуэ властым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэм, лъэпкъ псоми я сэбэп зыхэлъхэр хуэмэныкIэ жэуапныныгъэ ехь. Дэ ди пщэ идолъхьэж апхуэдэ кьалэным езэгъуеу дылэжьынущ!

ЖЭУАПЛЫНЫГЪЭ ЛЪАГЭ ТХЭПЛъ, ПСОРИ ЗЭЩIЫГъУУ РЕСПУБЛИКЭМ И ФIЫГъУЭМ ДЫТЕЛЭЖЬЭНЩ!

Iэ зэрэхьэт бюллетеням «УРЫСЕЙ ЗЭКЪУэт» партыр **№94-м** щIэту итщ.

ИрагъэкIуэкIа пхъэидзэм ипкъ иткIэ, пщIэншэу тыдодзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьи теуухуау» КъБР-м и Законым и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

Пщlэ зыхуэтщI ди хэкуэгъуэхэ!

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхуэхэр зэщIаIыгъэщ экономикэ гугъуехьхэм я хъым.

Лэжьапlэншагъэр, улахуэ цIыкIыр, пенсэ мащIэр, пособиехэмрэ льготэхэмрэ я бжыгъэм зэрыхэщIыр - а псоми дыдэ ящI республикэм щыпсэухэм я нэхъыбэм я гъащIэр.

Быдэу фIыкъыхудоджэ, фокIадэм и 8-м Iэ зэрыфIэтынур фи «гумкIэ-къым» икIи «псоми я нэхэйкIэкъым». Ауэ жаIэркъым: «Iэ зэрытIэтым хуэдэу дыпсэунущ».

Жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ хэхыныгъэхэм я лъэхъэнэр къохьэ. И чэзыр къэсащ Iэ фIэтыну, ффладыгъуэ Хэкур зыIэрывгъэхьэжьфын хуэдэу.

КПРФ-м иIэщ зэрылажьэну программэ. ИкIи дэ дгъэззэщIэнущ фыкъыхэзрыдгъэгуГъэ псори.

Дэ къыдгуроIуэ ди мурадхэм дыззрыхуэкIуэ гуэгур зэрымытыншыр икIи зэрымыкIэщIыр. Ар ущIэгуэзвэн икIи ущIэнэщхьэн хуей щхьэусыгъуэкъым, атlэ текIуэныгъэм - цIыхубэм я текIуэныгъэм - нэхъ ерыщыжу дыхущIэзыгъэкъуащ.

ФыкъыдзэрыдгъэгуГъахэр дгъэззэщIэфын папщIэ дэ дыхуэныкъуащ, пщIэ зыхуэтщI хэхакIуэхэ, фэ фи щIэгъэкъуэныгъэ.

ФокIадэм и 8-м фи гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызыIэ а лъэбакъуэр фчы!

ФщIэ ар КПРФ-м и телъхьэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я хэхныгъэхэм ирихьэлIэу «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыхилъхьа программэр

Тхуэфэщэн гъащIэм дыхуэзышэ лъэбакъуипщI

1. Кьэралым и кьулеигъэхэр - цIыхубэм!

Урысейм и кьулеигъэхэр зыхуэлэжьэн хуейр цIыхубэращ, атlэ олигархгуп цIыкIуракъым. Дэ дрителъхьэщ щIыдагъэ, газ отраслхэр псоми я зэхуэдэ щIыжьыным.

2. Кьэралым и экономикэ щхьэхуитныгъэ!

И чэзу хъуащ ди экономикэ щхьэхуитныгъэр зэфIэдгъэувэжьну, долларым и текъузныгъэм зыщытхъумэну.

Урысейм и Банк Нэхъыщхьэр кьыщIэшын хуейщ США-м и Федеральнэ резерв системэм и бжым. Ар зыхуэлажьэрэ хэкум и зоно-микэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ я зыужьныгъэращ.

Дэ дыхьэзырыщ Урысейр ВТО-м кьыхэгъэкIыным ехьэлIа Iуэхур зэфIэтхыну.

3. Зи щхьэ хущытыж промышленность пIащ!

Урысейр хуейщ кьэхутэныгъэщIэхэмрэ технологие лъагэхэмрэ зи лъабжьэ иджыпрей промышленность лъэщ. Абы и отрасль нэхъыщхьэу уеиныгъэщ: микроэлектроникэр, робототехникэр, станок ухуэныгъэр.

4. Мэкъумэш хозяйствэр кьэгъэщIэрэщIэжьныкIэ дэIыгъуныжьмрэ!

А псори тхуэзэфIэкIынущ, мы Iуэхугъуитым дытетмэ. Ягъэрауэ, бюджетым и проценти 10-м мынэхъ мащIэ агропромыр дабыгъын папщIэ унэтIын. ЕтIуанэрауэ, жьыджэру ядэIэпыкъун фермер, мэкъумэш Iэнатlэхэм, тегъэщIапIэ щIын хозяйствэ зэгуэтхэмрэ кооперацэмрэ.

КПРФ-р хэзэщIщ ЩIы, Мэз, Псы кодексхэр щIэуэ кьиштэну. Экономикэм и щыткIэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ Iуэхугъуэ зэхэтхэр дэ кьыхьдолъхьэ.

5. Хьэуэ - коммерцIэ кредитхэм, Нтlэ - кьэралыр кьэгъэщIэрэщIэжьным!

Ахъшэ имыIэу правительствэр зэрытхъэусыхэр - пцIы зэфэзэщщ. Дыщэ, валютэ гъэтIылъыгъэхэр, Пlэпкъ зэIуэпэщныныгъэм и фондыр, ГъэтIылъыгъэ фондыр - ахэр сом триллион 33-рэ ирокъу.

Дэ ди кьалэнщ щIыналъэхэм дадэIэпыкъуну, я гур хуэIуихуэу кьэкIуэным хущIэкъун, зауэжьым папщIэ. КПРФ-р и телъхьэщ коммерцэ кредитхэр федеральнэ бюджетым кьыхэкI дотацэхэмрэ субвенцэхэмкIэ яхъуэжьным.

6. Уасэхэмрэ тарифхэмрэ ткIийуэ кIэлъыплъын!

ЕрысыкъыкIэм я уасэм нэгъабэ процент 20-м щIигъуКIэ хэхуащ.

Абы щыгъуэми, хэпщIыкIыу ехуэхащ цIыхухэм ипэжыпIэкIэ я хэхъуэр.

Кьэралым и кьалэнщ цIыхухэм Iэмалыншэу кьагъэсэбэп хьэпшIэхэм, гъэсыныпхъэм, хущхьуэхэм я уасэм кIэлъыплъыну. ЖКХ-м и Iэхуэтхьэбзэхэм щIат уасэр щIигъу хъунукъым унагъуэм и хэхъуэм и проценти 10-м.

7. ЗахуагъэкIэ ягъэува икIи фейдэ хъэзыпыкI налогхэр!

Урысейм щыгъэващ гур щызыгъэкI налог хэкыIкIэ. Ар зытелажьэр кьуелижьхэмрэ дыгъуэгъуакIуэ кьулыкъущIэхэмрэщ. Дэ кьыхьдолъхьэ хуэм-хуэмурэ НДС-р Iуахьжьыну. Абы и зэранкIэ хэкум кьыщыщIагъэкI продукцэм и уасэр докIуейри, кьеныкъуэкъуэм пэмыльэщ мэхъу, инфляцэр кьызэщIеIэтэ. Апхуэдэ нэлогхэр СССР-м зэрыщымыIар, иджыпстуи зэрыщымыIэр зэрымыщIэкъэ кьэхъуауэ аракъым.

8. Къэралыр - цIыхум папщIэ, атlэ цIыхур - къэралым папщIэкIэкъым.

Властым укIытэ имыIэу Конституцэр къыдэпеуд, абы ипкъ иткIэ Урысейр - социальнэ кьэралыгъэщ.

Ипэжыпlэкlэ къэралыр хуабжьу шынагъуэу зэкъуэудащ. ЦIыхухэм я проценти 10-м лъэпкъ къулеигъэм и процент 90-м нэблагъэр яубыдащ. Сыт абы уасэу щIатар? Я зыныкъуэкъуэм я щэр кьыззэрывэмрэ цIыхухэм я нэхъыбэр ерагъкIэ зэрыпсэунущ. Абыхэм лжьыгъэкIэ, пенсэкIэ, щIэныгъэкIэ, узыншагъэр хъумэныжьмкIэ яIэ хуитныныгъэхэм йобгъэрыкIуэ.

КПРФ-м кьыхелъхьэ сощIыпIэ зэхуэмыдэныгъэр нэхъ кууж зыщI унафэхэр кьащтэну хуиныту хабзэкIэ щIагъабыдэну. ВВПI-м кьыхэкIыу процент блырыбл хуаутIыпщынущ щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным. Дэ щIалэгъуалэм шэсыпIэ дахуоувэ япэ лжьыгъэ Iэнатlэ яIэныжьмкIэ, нэгъуэщI щIэгъэкъуэныгъэхэмкIэ. Гулъытэ хэха ягъуэтыпIхэщ садийкэмрэ анэхэмрэ, ныкъуэдыкъуэхэмрэ жьы хъуахэмрэ. Абы папщIэ зыхуеину законхэр хэзырщ.

Я къэралым и коммерцэ кредитхэр федеральнэ бюджетым щыпсэунырщ. Абы кьыхэкIыу дэ ди мурадщ узэншагъэр хъумэныр, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, апхуэдэу псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ къалэхэр егъэфIакIуэныбмрэ яхуэунэтIа лэжьыгъэхэр адэкIи едгъэкIуэкIыну.

ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъуэхэ! ЗэфIэгъэкIа мыхъуахэм утешхыдыхьыну тыншщ. Ди партым иджыпсту и тетыгъэщ, абы кьыхэкIыу дэ сытым дежи даубыдыщ - апхуэдэщ гъащIэм и хабзэр. Ди партым хэтщ Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэ икIи сэбэпныгъэшхуэ кьахьу лажьэ щIыхьэр, дэ зыхуэфащэ программэ, зыужьныгъэм хуэунэтIауэ зэфIэгъэкIын хуейхэм я план дэ диIэщ икIи быдэу ди фIэщ мэхъу гъащIэр егъэфIакIуэну зэфIэкI зэрыдбгъэдалъыр.

Дэ зыкIи зыдгъэззэхуэжьрыкъым гугъуехь пыухыкIахэр кьызэрызэдмыкIэкIыфамкIэ икIи ахэр кьызэнэкIыным хуэфащэн кьару зэредмыхьэлIамкIэ. Ауэ фи дэIэпыкъуныгъэр, кьытхувиIэ фIэщхъуныгъэр кьэдгъэсэбэпурэ дэ республикэм щыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэм адэкIи дателъэжьфынущ.

ЩIыналъэ парламентым законхэр кьызэрыдигъэкIым кьыдэкIуэу, властым и лIыкIуэ органуи щытщ. ЛIыкIуэ властым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэм, лъэпкъ псоми я сэбэп зыхэлъхэр хуэмэныкIэ жэуапныныгъэ ехь. Дэ ди пщэ идолъхьэж апхуэдэ кьалэным езэгъуеу дылэжьынущ!

ЖЭУАПЛЫНЫГЪЭ ЛЪАГЭ ТХЭПЛъ, ПСОРИ ЗЭЩIЫГъУУ РЕСПУБЛИКЭМ И ФIЫГъУЭМ ДЫТЕЛЭЖЬЭНЩ!

Iэ зэрэхьэт бюллетеням «УРЫСЕЙ ЗЭКЪУэт» партыр **№94-м** щIэту итщ.

ИрагъэкIуэкIа пхъэидзэм ипкъ иткIэ, пщIэншэу тыдодзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьи теуухуау» КъБР-м и Законым и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

Шынагъуэншагъэм и плъырхэр хьэзырщ

Кьэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIа зэIуцIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр зэрагъэлъапIэм теухуа дауэдащэхэр щекIуэкIкIэ щыхуэзэ я шынагъуэншагъэр кьыщыгъэпэща зэрыхьэнум.

КъБР-м щыIэ МВД-м и жылагъуэ хабзэр хъумэныр гъэзэщIакIуэ властымрэ щIыпIэ самоуправлениемкIэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэныжьмкIэ и кьудамэм и унафэщI полицэм и полковник **Баттаев Муслим** жиIащ мазхуэшхуэ зэхьыбзэхэр щекIуэкIкIэ жылагъуэ хабзэр хъумэным ОВД-хэм я лжьэкIуэ 1000-м щIигъу, цIыхуб дружинэм хэтхэу 130-рэ, казачествэм и лIыкIуэу 30, апхуэдэу щхьэзакъуэ хъумакIуэ Iэхущапlэхэм я лжьэкIуэхэр кьызэрыращапlэнур.

Гъэ едгъэгъэщIэм щыщIидзэжьым ирихьэлIэу едгъакIуэхэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным ехьэлIауэ комиссэ кьэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ школхэм, сабий садхэм, еджапIэ мэхъэшхэмрэ курыт Iэщlагъэ щызэрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ я пэшхэм, абыхэм кьегъэщIылIа щIыпIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр фокIадэм и 7-м Iэтауэ ирагъэкIуэкIынущ. КъащIэтэжа, республикэм и кьалэкIэрэ щIыпIэ самоуправлениемкIэ Iуэхущапlэхэм я лжьэкIуэ 700-м щигъу, апхуэдэу ЧОП-м, ДНД-мрэ казачествэмрэ я лIыкIуэхэр. Абыхэм щIадзэным ипэ кьихуэу ОМОН-м и хьэгъэсахэр зыщIыгъу кинологхэмрэ абы хуэхьэзыр я лжьакIуэхэмрэ щIыхь зэхуэсIпIэхэр щIапщытыкIынущ. Махуэшхуэ зэхьыбзэхэм кьежьапIэхэр техникэ Iэмэпсымэ хэхам (металлодетекторхэм) благъэкIынущ.

Урысейм и Iэпкъ гвардием и дзэхэмкIэ федеральнэ кьулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и штабым и унафэщым и кьуэдзэ полицэм и полковник **Кузьмин Игоррэ** «УВО ВНГ РФ по КБР» ФГКУ-м и кьудамэм и унафэщI полицэм и майор **Щомахуэ Зауррэ** зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапIэхэм гъэ еджагъуэщIэм ирихьэлIэу шынагъуэншагъэр кьыщыгъэгъэпэщыным, махуэшхуэ дауэдапщэхэр щекIуэкIкIэ хабзэр хъумэным ехьэлIауэ кьапэщылъ кьэрал-зэрыхуэзэщIэрэ. Иджыпсту кIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэщ зэрыхуэзэщIэрэ кьыщыгъэгъэпэщыным, махуэшхуэ дауэдапщэхэр щекIуэкIкIэ хабзэр хъумэным ехьэлIауэ кьапэщылъ кьэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ щыIэ техникэ Iэмэпсымэ хэхам (металлодетекторхэм) благъэкIынущ.

Урысейм и Iэпкъ гвардием и дзэхэмкIэ федеральнэ кьулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и штабым и унафэщым и кьуэдзэ полицэм и полковник **Кузьмин Игоррэ** «УВО ВНГ РФ по КБР» ФГКУ-м и кьудамэм и унафэщI полицэм и майор **Щомахуэ Зауррэ** зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапIэхэм гъэ еджагъуэщIэм ирихьэлIэу шынагъуэншагъэр кьыщыгъэгъэпэщыным, махуэшхуэ дауэдапщэхэр щекIуэкIкIэ хабзэр хъумэным ехьэлIауэ кьапэщылъ кьэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ щыIэ техникэ Iэмэпсымэ хэхам (металлодетекторхэм) благъэкIынущ.

Урысейм и Iэпкъ гвардием и дзэхэмкIэ федеральнэ кьулыкъум

Лъэпкъым уэ уримыIамэ, мыхъунт апхуэдэу и псэр къулей! 100

Композитор гуащIафIэ

Урысей Федерацэми Адыгэ Республикэми я цIыхубэ артист, КъБР-м гъэзэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгейм и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м и Композиторхэм я союзым хэта, композитор щIэрыIуэ Тхьэбысым Умар къыщыхъуэрыхъуэ щыщхьэгъуэм и 16-м илъэси 100 ирикъуащ.

ЯПЭ МАХУЭХЭМ щыщIэдзауэ уэрэдыр цIыхум къыдогъуэгурыкIуэ, сабий ирагъэдаIуэу, ирагъэжейуэ, ирагъэджэгуу. Апхуэдэу балигъ гъащIэми уэрэдыр хэтщ, къыгуэхыпIэ имыIэу. Лъэпкъ гуфIэгъуэхэр ирагъэбжьыфIэ, хьэгъуэлIыгъуэр ирагъэдахэ. IуэхуащIафэ езыхьэкI, гъэгу тет дэтхэнэми уэрэдыр и Iэпэгъущ, Iуэхугъэпсыгъэ гъэугъаныр нэхъ кIэщI щищIу. КIыщынэмыщIауэ, нэхъапэм уэрэдкIэ лIыхъужьыр ягъэлъапIэрт, уIэгъэм шэр кьухахьжьырт, лъагъуныгъэр ирапIуатэрт, къэрабгъэр ауан ирыращIырт... Уэрэдыр фэеплъу кьонэ... Аращи, уэрэдыр щIыгъуу цIыхур кьалъху икIи мэлIэж.

Нэхъыжьхэм ящIуэтэж хъыбар гъэщIэгъуэнхэм, ягъэзащIэ уэрэдыжьхэмрэ гъыбзэ гуузэкмрэ къыщIэтэджа Тхьэбысым Умар къызыхуигъэщIар уэрэдымрэ макъамэмрэт. Ар утыку итыху цIыху куэд игъэгуфIащ, и концертхэр гукъинэж ящыхьуу. Адыгэ пшынальэр хъума хъуным хэлъхьэныгъэфIэкр хуищIащ икIи кьеэхулIащ. Абы и уэрэдхэр дзапэ уэрэду лъэпкъым кьыхуэнащ. Апхуэдэхущ Тхьэбысым Умаррэ Бахъуэ БетIалрэ зэдатхауэ щыта «Адыгэ нысэ унэ идошэ», «Хэт епта си гъатхэр?», «Адыгэ пшынэр мэджэгу», «Сэракьым зироэзэр», «Адыгэм ипхъу», «Лъагъуныгъэм и уэрам» уэрэд цIэрыIуэхэр. ЦIыхубэ уэрэд хъуауэ псори зыдеIэжьущ Умар макъамэ зыщIиплъэхьэу КIыщокъуэ Алим и псалъэхэр зыщIэлъ «ТекIуахэм - сэлам», «Лъагъуныгъэ уэрэд», «Зэныбжьэгъубжьэ», «Си Хэку», «Шумахуэ», Жанэ Къырмызэ и псалъэхэр зыщIэлъ «Си кьуажэ», «Си вагъуэ», «Уэ уи нитI», нэгъуэщIхэри.

Макъамэ училищэм щIэтIысхьэну зи хъуэпсапIэ Умар уэрэд жыIэным хуэIэзэт икIи макъамэтх хьэзырт, ауэ зауэр кьэхъейри, и мурадхэр зэпигъэун хуей хъуащ. ЯпэщIыкIэ ар шухэр щагъасэ училищэм щеджащ, итIанэ зауэм Iухьащ. Ажалым пэщIэту зауэм щыIутми, Умар пшынэмрэ адыгэ пшынальэмрэ Iэщ1ыб ищIакъым. Бийм щхьэмыгъазэу щыпэщIэткIи, абы пщIэхэдзауэ къыздрихьэкI гитарэр ибгынэртэкъым, биишэм кхъуэнэм хуигъэкIуами.

Хэнейрэ ар уIэгъэ хъуащ, плIэ контузэ игъуэтащ. Берлин кьащащтэм, Умар уIэгъэ хьэлъэ хъууэ сымаджэщым щыщIэхуами, игу кьеуэрт гитарэр. ТIэкIу нэхъыфI къыззрыхъжу, и макъым къызэрихькIэ уэрэд кьыхидзащ. АпхуэдизкIэ и уэрэдхэм сымаджэхэри кьеIэзэ дохутырхэри дихьэхати, кьелъэIуэрт иджыри яжриIэну. Аккордеон щIэрыпс къыззрыхуащхэуам абы гукъыдэжу кьритар къэIуэтэжыгъуейщ. Дивизэм и унафэщIым абы щыгъуэ къыжриIат зауэр иухыху адэкIэ Iэщ1эм и пIэкIэ макъамэр Iэпэгъу ищIыну.

Зи гур зауэм ириуда цIыхухэр мамыр гъащIэм кьыхэшэжьныкIэ, теГьэгушхэныкIэ Умар лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ икIи цIыхухэм я гукъыдэжьым хэзыгъэхьуэ, дэрэжгъуэ езыт уэрэдхэр игъэIуу щIидзащ. Адыгэ щыпсэу дэтхэнэ щIыналъэми къыщацIыхуа Тхьэбысым Умар Хьэциц и къуэм и фэеплъыр ноби ящыгъупщэркъым, и цIэмрэ и уэрэд дахэхэмрэ Iэщ1ыб ящIыркъым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Умар. *Налшык, 1969 гъэ*

Пшынауэ Iэзэ ЛIыцIэрыIуэ Ким и гъусэу. *1994 гъэ*

Тхьэр зыхуэупса

Адыгейм хиубыдэ Хуэдз къэбэрдей къуажэм Тхьэбысым Умар 1919 гъэм щыщхьэIуу мазэм и 16-м къыщалъхуащ. ЩIэх дыдэу хэIущIыпу хьуауэ щытащ абы макъамэм эфIэкI телъыджэ зэрыщIэр.

УМАР и шыпхъу нэхъыжь Къадырхан пшынауэ Iэзэт, абы кIэлъыплъурэ, Умар пшынэуэкIэ зригъэщIащ, ЩIалэ гурыхуэм игу ириубыдэрт и шыпхъум дежи щызэхих уэрэдхэр, кьафэхэр, пшынальэхэр. Илъэситху ныбжьым итт Умар пшынэкэр кьигъэIурыщIэфу щыхьуам. ИлъэсипщI ирикъуа нэужь, ар ящажэ псом цIэрыIуэ щыхьащ, хьэгъуэлIыгъуэхэм, джэгуэм ирагъэблагъэурэ уэрэд жрагъэIэу, пшынэ ирагъауэу щIадзащ.

Пшынауэ, джэгуакIуэ цIэрыIуэхэм я деж а зэманым щызэхиха пшынальэхэр, макъамэхэр, уэрэдхэр, кьафэхэр Умар иужькIэ зэи щыгъупщжажьым, абыхэм ящыщ куэд лъабжьэ хуэхъуащ композиторым и гущIэм кьиныкIа уэрэдхэм. ЕджапIэм щIэтIысхьа нэужь, адыгэ кьафэмрэ уэрэдхэмрэ дахьэх щIалэ гуп зэхишэри, Тхьэбысым ансамбль къызэригъэпэщащ. КьэфакIуэГ, уэрэджыIакIуэ гупым и цIэр Iуащ, кьуажэ куэдым къыщацIыхуащ.

Гъуэзджэм дихьэха щIалэр, и ныбжь нэсри, дзэ кьулыкъум дашащ, Тамбов кьалэм дэта дзэ еджапIэр кьиуха нэужь, топгъауэхэр щагъэхьэзыр еджапIэм щIэтIысхьащ. Еджэным кьыщыдэжуэм деж Умар пшынэр и Iэпэгъу зэпытт, ар зэи игъэтIупльэртэкъым. Абы хэту, зауэр кэхъьеащ. Умар Ленинград деж къыщыхэхутащ зауэ гуащIэм, зыбжанэрэ уIэгъэ хъуащ, итIани Iэщ1ыб ищIакъым и гур зытхьэкъуа Iэщ1агъэр: пшынэри Iэщ1эри зэдигъабзэу, зауэлI гъэугуанэр икIуащ, Берлин кьэзыщтахэм яхэтащ. 1945 гъэм и бжьыхьэм Тхьэбысымыр дзэм кьыхэкIыжри хэкум кьигъэзэжащ. Гъэгу къыщытехьэжым, Умар зыхэта дивизэм и командирым аккордеон тыгъэ къыхуIащ щытащ, мыр кьыжриIэри: «Иджы щегъэжьауэ топыр аркъым уэ Iэщ1эу уиIэн хуейр, атIэ мы пшынэрщ - музыкэращ уэ укьызыхуалъхуар». Зауэм щыIэзэрихьа лIыгъэм папщIэ Умар орденрэ медалу пщыкIуэ кьратащ.

КУЭДРЭ щысакъым Тхьэбысымыр, зауэм кьикIыжа нэужь: фIыуэ илъагъу Iэхуэм иужь ихьэжащ. Умар Куэшхьэлэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм лэжьэн щыщIидзащ - япэщIыкIэ художественнэ унафэщIу, итIанэ директору. УэрэджыIакIуэ, кьэфакIуэ ныбжьыщIэхэр зыхэт ансамбль къыззрегъэпэщ. Умар и ансамблым и фIыцIэ щоIу Адыгейм и мызакъуэу, Краснодар край псом. Абы и ансамблращ иужькIэ гъуэзджэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэ зыуэхэу Пщыэпкечу Майе, Къэущыпсокъуэ Теувэж, Анзорокъуэхэ Чесларэ Вячеславрэ, Сихъу Рэмэзан, Петрусенкэ Илья, Щхьэумэжь Къазбэч сымэ япэ лъэбакъуэр щачар - ахэр псори Тхьэбысым Умар и гъуКIэгъэсэнщ. Сэри си егъэджакIуэщ Умар.

Умар кьаруушхуэ тригъэкIуэдащ гъуэзджэмкIэ зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэр къэхутэным, узэщIыным - абы щхьэкIэ ар щыщхьэха къэхъуакъым.

Тхьэбысым Умар иуса уэрэдхэр, и макъамэхэр езы адыгэ лъэпкъым и гущIэм кьиныкIа пэлъытащ, ахэр дэтхэнэ щIыхуми дежкIэ гукъинэжщ. Умар и уэрэдхэмрэ цIыхубэм я деж кьыщежьа уэрэдхэмрэ щыпхъэхэмыгъэкIыр нэхъыбэщ, ахэр апхуэдизкIэ зэгъунэгъущи. Умар и уэрэдхэр цIыхубэм щIэх дыдэ япхъуатэу щытащ, ахэр композитор цIэрыIуэм зэриIэдакъэщIэкIыр ямышIэжьыхэу, цIыхубэм хэз хъуауэ къоГуэгурыкIуэ.

Тхьэбысымыр уэрэд телъыджэ куэд зи Iэдакъэ кьыщIэкIа композитор кьудейкьым, езыми макъ дахэ дыдэ иIэт абы, пшынауэ Iэзэт. ПшынэкIэ езыр дежьуэ, Умар уэрэд щыжиIэкIэ зигу имытхьэкъу кьэхъуауэ сщIэркъым.

Тхьэбысым Умар и Iэдакъэ кьыщIэкIащ музыкэ лэжьыгъэ (уэрэд, макъамэ) 600-м щIигъу. Апхуэдэ хьугъуэфIыгъуэ кьытхуигъэнащ ди япэ композиторым. Уэрэдхэм нэмыщI, абы кьызэринэкIащ симфоние сюитэхэр, рапсодиехэр, поэмэхэр, бжьамий эмылIэужьыгъуэхэм папщIэ концертхэр, кантатэхэр, ораториехэр. Адыгэ Республикэм и Гимным и макъамэри зытхар Тхьэбысым Умарщ (псалъэхэр зейр усакIуэ цIэрыIуэ Мэшбащ1э Исхьэкъ).

Композитор телъыджэ хъуныр, а Iэщ1агъэм урилэжьэныр щIыхь зыпылъщ - ар кьыгурыIуэрт Умар, ауэ абы зэи зыщигъэгъупщэркъым Тхьэр абыкIэ зыхъуэпса цIыхум и пщэм кьалэныштуэри зэрыдэлъыр - ари щыщыгъупща кьэхъуакъым. Тхьэбысым Умар дунейм тетыху хуэлэжьащ и лъэпкъым, адыгэ лъэпкъ гъуазджэм и пщIэр лъагэ зэрыхъунырщ и гъащIэри и гуащIэри щхьэуэзыхь зыхуищIар. А псом кьыпэкIуащ Умар зэрихьа цIэ лъапIэхэр: Урысейм, Адыгейм я цIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

Умар и уэрэдхэмрэ и пшынальэхэмрэ я щIасэщ дунейм адыгэу тетым, ахэр игъащIэкIэ кьыддэгъуэгурыкIуэнущ дэ фIыгъуэмрэ зыуэзщIыныгъэмрэ дыхъраджэу.

ТЫКЪУЭ Къаплъэн,
Адыгэ Республикэм и Композиторхэм я союзым и тхьэмадэ.

Тхьэбысым Умар и цIэр зэхэзыныха адыгэ къэгъуэтыгъуейщ. ЩIыпIэ жьыжьэхэм нэсащ абы хэлъа зэфIэкIым и инагъым и хъыбарыр. Адыгейм къыщалъхуа, къыщыхъуа, Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэта Тхьэбысымыр адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ, пщIэшхуэ зиIэ цIыху щыпкъэхэм ящыщ зы хъуащ.

Адыгэ Орфей

КОМПОЗИТОР, уэрэджыIакIуэ, пшынауэ - а Iэщ1агъэщми фIы дыдэу хищIыкIырт икIи хэзагъэрт Умар. Абы адыгэ макъамэ щэнхабзэм езым и увыпIэ гъуэзджэ игъащIэкIэ щиГуэтащ.

Тхьэбысымым псэм дыхьэ и уэрэдхэр цIыхубэм фIыуэ илъагъуащ икIи ахэр лъагэу яIэтащ, лъэпкъыр игъэгушхуэу, игъэгуфIэу гъэхэм, лIэщIыгъуэхэм пхрихыну. Адыгэ псэуху, псэунущ Умар и уэрэдхэри, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр къэзыгъэщIари адыгэпсэрщи.

Умар и юбилей тхьалъымкIэ къыщыхсхуэпсэм, мыпхуэдэу тритхауэ щытащ: «Борис, дунейм теткъым уи лъэпкъым и уардагъэмрэ и дахагъэмрэ уэрэдкIэ пIэтыным нэхърэ нэхъ насыплъыхуэ. Сэ си уэрэд творчествэм щIэ щIимыIэр сыт щыгъуи сызыхуэпэж, фIыуэ слъагъу си бзэмрэ си лъэпкъымрэ зыпэсщI зэрыщымыIэрщ».

Адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор ХьэдзгъэлI Аскэр фIы дыдэу ильагъурт Умар и уэрэдхэр икIи, пщIэшхуэ зэрыхуэфащэр кьиргъэлъагъуэу, Тхьэбысымым щхьэкIэ жиIауэ щытащ: «Ар адыгэхэм ди Орфейщ».

Умар псэууэ мыпхуэдэ усэ кIэщI хуэстхат:

Жэщ я нэхъ кIыфIми, уи макъ къэIуамэ,
Дыгъэ къепс хуэдэ, нэху мэхъу дунейр.
Адыгэ лъэпкъым уримыIамэ,
Мыхъунт апхуэдэу и псэр къулей!

Сэ слъэкIыну щытамэ, иджыри илъэси 100-кIэ згъэпсэунт Умар, и къарур иIуу, и лъэр щIэкIыу, и гум кьикI пшынальэ дахэм хигъахьуэу, и фIыщIэр ину зыIэт адыгэ псори кьыхуэхъуахьуэу!

КЪАГЪЫРМЭС Борис.
Налшык къалэ.
2004 гъэ



Умар и хьэщIэщ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Щауэжь Розэ. *1996 гъэ*

Иорданием къикIа адыгэ лIыкIуэхэр и уэрэдхэм ирегъэдаIуэ. *Псыкlэху мэз, 1977 гъэ*

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

ПсэкIэ зыхыбощIэ

Зэрылажьэм хуэдэурэ, Умар зэхуихьэсырт макъамэ Iуэрыlуатэр икIи абыхэм хэлэжьыхьырт. Адыгэхэм я щIэинхэр Тхьэбысымым кьыщилъыхъуэрт Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Къэбэрдей-Балъкъэрми. Умар абы щыгъуэ адыгэ макъамэу щитхум щIигъу итхыжащ.

1952 ГЪЭМ Умар Римский-Корсаковым и цIэ зэрихьэу Ленинград дэт консерваторэм еджакIуэ ягъэкIуат, ауэ ар кьихухну хунэмысу, Адыгейм къигъэзэжьи хуей хъуащ. Ар пэрыувэжащ зыпэрыта Iэнатlэм - Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI кьулыкъум. Абы къыдэкIуэу макъамэ еджапIэм сабийхэр щригъаджэрт. Умар и гъэсэнхэм ящыщщ иужькIэ цIэрыIуэ хъуахэу Анзорокъуэхэ Чесларэ Вячеславрэ, Тыкъуэ Къаплъэн, Быж Мыщэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

А лъэхъэнэхэрат Тхьэбысымым тхакIуэ Кlэрашэ Тембот нэIуасэ щыхуэхъуар. ТхакIуэшхуэмрэ композитор щIалэщIэмрэ зэдэзэпхъэни щIадзэ. Кlэрашэм и усэхэм абы макъамэхэр щIегъэувэ. Зэгуэрым, Тхьэбысымым и уэрэд жыIэкIэм щIэдзIуу здэщысым, Тембот жиIэгъащ: «Илъэс 40-кIэ Умар дэ дежьащ».

1947 гъэм самодеятельнэ гупхэм я зэхьэзэхуэм Тхьэбысымым щигъэзэщIащ «Пщэдджыжьым кьуажэм» кьафэ сюитэр. А макъамэмкIэ нобэр кьыздэсым Адыгейм и радиом лэжьэн щIедзэ. Иужькlэ Умар итхащ «Сэлэтым и письмо» уэрэдыр. Ар цIыхум ягу ирохь, Умари абы цIэрыIуэ ирохьу. А лэжьыгъэм кьыкIэлъокIуэ нэгъуэщI макъамэ, уэрэд гъуэзэджэхэри.

Адыгейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щирикъу махуэр Москва щагъэлъэпIэным и пэ кьихуэу, 1957 гъэм Мейкьуапэ кьэкIуащ композитор цIэрыIуэ Мурадели Вано. Абы и пащхьэм зыкъыщагъэлъэгуат республикэр зэрыгушхуэ уэрэджыIакIуэ, кьэфакIуэ гупхэм, ауэ хьэщIэр псом хэзмыдзу дзэныхьэкар Тхьэбысым Умар и джэгукIэрт.

Куэд мыщIэуи Москва Союзхэм я унэм и Колоннэ залым и утыкушхуэм кьихьащ Тхьэбысым Умар, абы кьихьэхуат кьедIуа псори.

1950 - 1969 гъэхэм Тхьэбысым Умар щылэжьащ кьафэмрэ уэрэджыIакIэ Адыгей кьэрал ансамблым. Абы и гъусэу щIыпIэ куэдым концерт щитащ: студентхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я VI дунейпсо фестивалу Москва щекIуэкIам, Абхьаз, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн-Ингуш, Дагъыстэн республикэхэм я жылагъуэхэм, филармониехэм.

УсакIуэ куэдым псалъэхэр щIалъхьащ Тхьэбысым Умар и макъамэхэм. Абыхэм яхэтащ Мэшбащ1э Исхьэкъ, КIыщокъуэ Алим сымэ. 1960 гъэм дунейм кьытехьащ Умар и япэ уэрэд сборникыр. Абы кьыкIэлъыкIуащ «ФIэхъус, Кавказ!», «Уэрэдхэр» тхыльхэр. Композитор-уэрэдэусым и Iэдакъэщ1экIэр радиокIэ, телевизоркIэ кьатын щIадзэ. Куэд мыщIэуи Урысейпсо радиоми кьыщат абы и уэрэд дахэхэр. Тхьэбысымым и уэрэдхэр жыIэнымкIэ Тыркум щыпсэу адыгэхэм зэпеуэ ирагъэкIуэкIауэ щытащ.

1969 гъэм Умар Налшык къэIэпхъащ. Абы зрегъэцIыху Гъэсашэ Наталье, Уэтэр Анатолэ, Сосмакъ Валентинэ, Мэремыкъуэ Хьусен сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я гъусэу концерт тын ирегъажьэ. Умар нэIуасэ зыхуещI Къардэн Хьэсэн и Iэдакъэщ1экIхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр симфоние оркестрым и лэжьэкIам, «Кабардинкэм» ит концертхэм.

1976 гъэм Тхьэбысымыр СССР-м и Композиторхэм я союзым хагъэхьащ. «Уэрэдыщ1э стхахэм цIыхухэр щIэзгъэдэIуну сыщыхуэпIащIэм деж дамэ кьыстекIам хуэдэщ. Утыкум сызэрихьэу сыкъызэщIолындэ, сыкъоофэ, уэрэд жызоIэ. СыкъэмыувыIэу жэщи махуи уэрэд схужьIэнущ, фIыуэ слъагъу цIыхухэм папщIэ. Макъамэрщ сэ насыпыфIэ дыдэ сызыщыфIынур», - жиIэрт Тхьэбысымым.

1980 гъэм абы Адыгейм игъэзэжащ. ИлъэситI докIри, Умар кьыхуагъэфащэ «РСФСР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Тхьэбысымым а лъэхъэнэм нэIуасэ кьыхуохъу композитор цIэрыIуэхэу Щедрин Родион, Френкель Ян, Хренников Тихон, Кажлаев Мурад сымэ, нэгъуэщIхэри.

«ЩыIэу кьыщIэкIынкъым зы адыгэ Тхьэбысым Умар и макъамэхэр, уэрэдхэр зигу иримыхьа, абыхэм дамыхьэха», - жиIащ тхакIуэшхуэ Мэшбащ1э Исхьэкъ. УэрэджыIакIуэм кьыхуагъэхьу щыта тхыгъэхэр зыдэлъ конвертхэм тратхар мырат: «Адыгей. Композитор Тхьэбысым Умар и деж». Псоми кьащыхъурт, нэгъуэщI тумытхэми, тхыгъэр Умар Iэрыхьэну. ИкIи щыуэртэкъым, письмохэр зыхуатхам иратыжырт. Мис апхуэдэу фIыуэ ялъагъурт цIыху кьызэрыгуэкIхэм Тхьэбысымыр.

Уэрэдыншэу зы лъэпкъи псэуфынукъым. Аращ лъэпкъ Iуэрыlуатэм абы увыпIэ щIыщиубыдыр. ЛIыхъужьхэм уэрэдхэр хуэзхалъхьэ, уэрэдкIэ ахэр яIэт. ЖыпIэ хъунущ Тхьэбысым Умар композитор, уэрэдус, джэгуакIуэ Iэзэу, уеблэмэ Iуэззэджэу щытауэ.

Анэм теухуа усэхэм гулъытэ хэха хуищIырт Тхьэбысымым. ЦIыхухэм ягу дыхьэу, радиорэ телевизоркIэ куэдрэ кьату, хьэгъуэлIыгъуэхэм, гуфIэгъуэ пшыхьэхэм щыжаIэу, анэ псоми хуэгъэпсауэ дунейм кьытринащ «Си нанэ» уэрэдыр. Абы нэмыщIкIэ, Тхьэбысымым уэрэд кьытрищIыкIащ усакIуэ цIэрыIуэ Гамзатов Расул и усыгъэ зыбжанэм.

Тхьэбысым Умар и уэрэдхэр цIыху гъуэзэджэм и Iэужь дахэу кьытхуэнащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зэрызэхэтх лъандэрэ

...Сэ жыжьэ нызотхыкI. Уи уэрэдыщIэ нобэ зэхэсхати, мыр нэмыгтхын слъэкIакъым.

КУЭД щIащ уи уэрэд цIэрыIуэхэр - «Сэлэтым и письмо», «Си Хьэбидэт», «Губгъуэм ит тхьэрыкъуэ», нэгъуэщIхэри зэрызэхэхрэ - сигу кьинауэ иджыри къэс кьыздогъуэгурыкIуэ ахэр. А уэрэдхэр зэрызэхэсх лъандэрэ сигу илът сынэтхэну. Пэжщ, уи хэщIапIэр щIэрэкъым, ауэ уэ апхуэдизкIэ уцIэрыIуэщи, письмор гъэщIэну си гугъэкъым. Уэ уи щIэ зэхэзымыхарэ абы иримыгушхуэрэ Шэрджэсми, Адыгейми, Къэбэрдеймии искъым. Уи уэрэдхэр игъащIэкIэ ядэгъуэгурыкIуэнущ адыгэхэм. Абы шэч кьытесхьэркъым, сыту жыпIэмэ уи уэрэдхэр лъагъунигъэкIэ, гуапагъэкIэ гъэнщIащи. Уэ пэжкъ уоIуатэ уэрэдкIэ, цIыхум и гум укъоп-сэлъыкI, абы и гукъеуэри и гуфIэгъуэри уоIуатэ.

КЪАРДЭН Розэ.
Усть-Каменогорск къалэ, Къззэхъстан.
1995 гъэ

Си дамэн зешэщI

Насыпыр си натIэ хъуамэ, си макъымрэ си цIэмрэ жьылэм хэIуамэ, ар псом ялэрауэ си фIыщIэр Тхьэбысым Умарщ.

АБы и уэрэдхэм пэсщI щыIакъым сэ, Умар иуса уэрэдхэр жысIэурэщ сыкъызэращIыхуар. Си гур хохъуэ, си дамэм зешэщI, Умар и уэрэдхэр щыжысIэкIэ. Умар езым макъ дахэ дыдэ иIэщ - абы имыгтхъэкъу, ар гукъинэ зыщымыхъуэ срихьэIэ уэ сщIэжьыркъым. Тхьэбысымым хуащI пщIэм и Iыхьэ пщIанэ къыслъысамэ, ар сэркIэ насыпщ: Умар композитор щэджащ щIэщ, уэрэджыIакIуэ телъыджэщ, абы уралъытыныр щIыхьышхуэщ.

ЩАУЭЖЬ Розэ,
Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистка.
1994 гъэ

ГущIэм ноIус

АДЫГЭ уафэм щылыд вагъуэхэм ящыщщ Тхьэбысым Умар. Си гуапэщ абы и вагъуэм идз нэхур нэхъри уэм хьумэ.

КIЫЩОКЪУЭ Алим.
1980 гъэ

ТХЬЭБЫСЫМ Умар адыгэ лъэпкъым и кьуэщ, и псэщ, и гугъапIэщ. ЦIыхум и гущIэлъапсэм къопсэлъыкI Умар, аращ абы и уэрэдхэр, и пшынальэхэр, и макъамэхэр цIыхубэм ягу кьыщIинэр.

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ.

УМАР япэ адыгэ композиторщ. ИужькIэ кьыщIэтэджащ музыкэ гъуэзджэм цIэрыIуэ щыхъуа куэд, ахэр псори абы зэрызэхиублар зыми щыгъупщэркъым. Апхуэдэ фIыщIэ бгъэдэлъщ япэ лъэбакъуэр зыча, ди музыкэ гъуэзджэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Тхьэбысым Умар.

ЖАНЭ Къырымызэ.
1971 гъэ

УМАР и музыкэр псэкIэ зыхыбощIэ, ар езы цIыхубэм и гущIэм кьиныкIа пэлъытащ. Абы и уэрэдхэр гущIэм ноIус, псори зэщIеIэтэ, псоми я щIасэщ.

ХЪУЭТ Заур,
гъуэзджэм и лэжьакIуэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ЗэщхьэщыкIыныгъэхэр нэхъ мащIэ мэхъу

● ГъащIэ

Урысейм Статистикэмкlэ и къэрал комитетым къызэритамкlэ, ди къэралым цIыхухъу мин къэс цIыхубз 1154-рэ щыхуоз. Ди деж бзылъхугъэхэр зэрыщынэхъыбзэрэ куэд щIэк. КъэкIуэну зэман мыхьижьми щытыкIэм зихъуэжьинукъым. IэщlагъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкlэ, бжыгъэхэр нэхъ зэпэгъунэгъу щыхъунур 2036 гъэм ирихьэлIэущ: абы щыгъуэ цIыхухъу мин къэс хуэзэнущ цIыхубз 1128-рэщ.

- МЫ ЗЭМАНЫМ ику ину цIыхухъум и гъащIэр цIыхубзым ейм нэхърэ илъэси 10-кlэ нэхъ кlэщIщ. Уеблэмэ, 2005 гъэр къэсыху абыхэм я зэхуакур илъэс 14 хьуэ щытащ, - жиIащ Урысейм CЦIыхубз хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкlэ и академием и Iэщlагъэлl Коротаев Андрей. - Ар дуней псом щыщыIэ нэхъ зэщхьэщыкIыныгъэшхэм ящыщ зыщ. Щхьэусыгъуэзэр къызыхэкIыр гурыIуэгъуэ: цIыхухъу куэдыр фадэ гуащIэхэм дихьэхащ, я узынщагъэм кlэлъыплъыжыркъым. Дэтхэнэ поликлиникэми фыщIыхь - абы цIыхубзкэр хуэдэ зыбжанэкlэ щынэхъыбэнущ.

Урысейм цIыхухъухэр бжыгъэкlэ щебэкlыр Чукотко щынаплъэ гугъурщ - а щIыпlэ щыIэм цIыхубзхэм щащIэшхэу щыIэкъым.

Бжыгъэхэр зэрызэхущытым сыт щыгъуи зехьэжк я ныбжьхэр зыхуэдизым елъытауэ. Псалъэм и хьэтыркlэ, илъэс 20-м къыщыщIздзауэ 24-м зи ныбжьыр итхэм я деж щIалэ мин къэс щIахуэзэр пщащэ 959-рэ къудейщ. Араши, ятIэрейхэм къашэнухэр зэпэубыда хуэдэщ. Илъэс 30 - 34-м лъэныкъуитIри зэхуэдэ мэхъури кIуэтэхукlэ цIыхубзхэм бжьыпэр яубыд.

- Ар дуней псом щызэфIэува щытыкlэщ - цIыхухъу нэхъыбэ къыщалъху. Ауэ зызыужьа къэралхэм илъэс 50 нэужьым цIыхубзхэр щобэкl, - къыхегъэщхьэхукI Экономикэмкlэ школ нэхъыщхьэм демографиемкlэ и кафедрэм и унафэщI Денисенко Михаил. - Ди деж нэхъ псынщIэу цIыхухъухэм я бжыгъэр щохуэх.

Жьпlэнщи, ди щIалэхэм къуажэхэм зыхьджэбзэхэр нэхъыбэрэ къыщалъытхуэн хуей мэхъу. IэщlагъэлIхэм къалIыпэ ар узыщыпсэуну гугъу щIыпlэхэр къаГанэу бзылъхугъэ куэд къалэшхуэхэм зэрыlэпхъуэм къыхэкIы.

Псыр щрагъэхъуащ езы Чернобыль. Гъавэми псыми радиацэм ижь ящIихуэу къыщIэкlащ. Ауэ, телъыджэращи, езы аркъэм лажьэ иIэтэкъым - абы ущрихьэлIэртэркъым радионуклидым и лъэужь гуэри. Апхуэдэу щыщытkIэ шынагъуэншэт. «Атомик» - апхуэдэущ зэреджэнур аркъэ лIэужьыгъуэщIэм. ЗэкIэ ягъэхьэзырар зы птулькlэ къыдейщ. Арщхьэкlэ илъэсым и кIэм ар 500-м нагъэсыну я мурадщ. ИтIанэ а щIыпlэм зыплъыхьакIуэ кIуэхэм сурэтхэм я гъусэу зыдахьыфынущ мыбы щыщIагъэжа аркъэм.

Иджыри къэс щIыпlэ шынагъуэм щыIар IэщlагъэлIхэм я закъуэщ. Абы къыхэкIыу Украинэм и президент Зеленский Владимир а щIыпlэ бзаджэр дунеяплъэ ежьэ цIыхухэр нэхъ куэду щIыпэкIуэм хуигъэкIуэну щыжиIам зыкъомым я фIэщ хъуакъым зэхахар: радиацэкlэ ymыджжэу. Зы щапхъэ закъуэ: Челябинск - 40 къалэм (иджы Озёрск) (1957 гъэм СССР-м япэу апхуэдэ насыпышагъэ къыщыхъуа щIыпlэм) иджыри цIыхухэр ягъакIуэркъым.

Арщхьэкlэ Украинэм и президентыр гушыIакъым. «Сэ Iэ тездзащ цIыхухэр здэмыкIуэ щIыпlэр Украинэщlэм и зыужьныгъэм и нэщэнэ зыщIыну унафэм. ЯбэщIыкlэ дэ абы и бжэр туристхэм яхуэзIытхынущ, лъэпкъыкъэпо псори лъэныкъуэ едгъэзэынущ», - къыхигъэщхьэхукIащ Зеленскэм.

Зэуэ упщIэ зыбжанэ къыкъэкIащ. Езыхэм я ахъшэкlэ радиацэ къащIэхуну хьэзыр щыхъуэ я дежкlэ ар шынагъуэкъэ? Абы теухуауэ IэщlагъэлIхэм жаIэр зэтеухуэрхьым. Дохуэзыр Шандра Наталие къелытэ Чернобыль щеблэгъахэм радиацэу къащIихунур рентген къызэрыгъэкIым къыпкъырыкIым нэхърэ мынэхъыбэну. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьымэ, ажалзехьэ химие элементхэм я нэхъыбэр шынагъэжкъым.

Арщхьэкlэ Чернобыль АЭС-м и щIыпlэ нэхъ шынагъуэхэм щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр зи унафэм щIэта генерал-майор Тараканов Николай Iуэхум зэгъэщI хэслъагъэрэхьым, - жиIащ абы . - Чернобыль иджыри илъэсищlэ укIуэ хъунукъым. Абы радиацэр щыужьыхахьым».

Апхуэдэ дыдэу къелытэ Урысейм и «Чернобыль» зэгухьэныгъэм и унафэщI Гришин Вячеслав: «Украинэм и экономикэм и дежкlэ мы Iуэхур щIэгъэкъуэн хъуну къыщIэкIынщ. Арщхьэкlэ Чернобылыр иджыри хуабжьу щIыпlэ шынагъуэщ».

Араши, дзыхьщIыгъуэдж гъуэгуанэ техьэну хуейкъэ Чернобыль зэрохь. Ауэ хэт ищIэн а псори зэриухынур?

● Чернобыль

Телъыджэ! Аркъэ щащI, зыплъыхьакIуэхэр макIуэ

1986 гъэм Чернобыль атом электростанцыр къыщэрыуар дунейпсо тихьдэм техникэм я зэлъытэ. ЦIыхухэм нэхъ насыпыншагъэ ин дыдэу къалъытэ. IэщlагъэлIхэм жаIэрт радионуклидхэр хъуэм щыхэкIыжыныр илъэс мин 24-рэ (!) дэкIа иужькlэ. Арщхьэкlэ илъэс щэщи дэмыкIыу, мыбы гъащIэр хуэм-хуэмурэ щызэфIэувэжу хуежьащ. ЯпэщIыкlэ я унэхэм екIуэлIэжу щIадзащ. къуажэдэхэм. Еджагъэшхуэхэр лъыхъуэрт радиацэр зэрагъэмэщIэну Iэмалхэм. Фlэщщыгъуейщ абыхэм ахэр къагъуэтыну, ауэ япэ лъэбакъуэр ячащ.

- ИлЪэС 30 и пэкlэ къэхъуам и ужькlэ нэщу къэнащ Украинэмрэ Белоруссиемрэ ящIэху километр зэбгъуэнатlэ мини 6-м щIигъу. Абыхэм я нэхъыбэр гъэвэщIапlэу щытащ, - жеIэ Инджьылызым и Портсмут университетым и профессор Смит Джим. - Чернобылрэ Фукусимэрэ еджагъэшхуэхэр ирахуIащ радионуклидхэр зэрагъэмащIэ Iэмал куэд къагъэутыным. Мурадыр зыхуэгъэзар а щIыхэр къагъэсэбэпу щIадзэжьныр. Арщхьэкlэ цIыхухэм егъэлеяуэ зыщадзейрт Чернобыль екъэлIа псоми. Апхуэдэу щыхъум, дэ дегупсысащ аркъэм. Дэтхэнэ химикри щыгъуэзащ зыгуэр щыщIахуIкlэ лей псори кlэкъуинэм къызэрыхэнэм.

Украинэм щIэныгъэхэмкlэ и лъэпкъ академиемкlэ Iэщlагъэлlэр я гъусэу Портсмут щыщ еджагъэшхуэхэм аркъэ къыхащIыкlащ атом электростанц къэуам километр 20-кlэ пэгъунэгъуу къыщагъэкIа хъэпцIуиим. Псыр щрагъэхъуащ езы Чернобыль. Гъавэми псыми радиацэм ижь ящIихуэу къыщIэкlащ. Ауэ, телъыджэращи, езы аркъэм лажьэ иIэтэкъым - абы ущрихьэлIэртэркъым радионуклидым и лъэужь гуэри. Апхуэдэу щыщытkIэ шынагъуэншэт. «Атомик» - апхуэдэущ зэреджэнур аркъэ лIэужьыгъуэщIэм. ЗэкIэ ягъэхьэзырар зы птулькlэ къыдейщ. Арщхьэкlэ илъэсым и кIэм ар 500-м нагъэсыну я мурадщ. ИтIанэ а щIыпlэм зыплъыхьакIуэ кIуэхэм сурэтхэм я гъусэу зыдахьыфынущ мыбы щыщIагъэжа аркъэм.

Иджыри къэс щIыпlэ шынагъуэм щыIар IэщlагъэлIхэм я закъуэщ. Абы къыхэкIыу Украинэм и президент Зеленский Владимир а щIыпlэ бзаджэр дунеяплъэ ежьэ цIыхухэр нэхъ куэду щIыпэкIуэм хуигъэкIуэну щыжиIам зыкъомым я фIэщ хъуакъым зэхахар: радиацэкlэ ymыджжэу. Зы щапхъэ закъуэ: Челябинск - 40 къалэм (иджы Озёрск) (1957 гъэм СССР-м япэу апхуэдэ насыпышагъэ къыщыхъуа щIыпlэм) иджыри цIыхухэр ягъакIуэркъым.

Арщхьэкlэ Украинэм и президентыр гушыIакъым. «Сэ Iэ тездзащ цIыхухэр здэмыкIуэ щIыпlэр Украинэщlэм и зыужьныгъэм и нэщэнэ зыщIыну унафэм. ЯбэщIыкlэ дэ абы и бжэр туристхэм яхуэзIытхынущ, лъэпкъыкъэпо псори лъэныкъуэ едгъэзэынущ», - къыхигъэщхьэхукIащ Зеленскэм.

Зэуэ упщIэ зыбжанэ къыкъэкIащ. Езыхэм я ахъшэкlэ радиацэ къащIэхуну хьэзыр щыхъуэ я дежкlэ ар шынагъуэкъэ? Абы теухуауэ IэщlагъэлIхэм жаIэр зэтеухуэрхьым. Дохуэзыр Шандра Наталие къелытэ Чернобыль щеблэгъахэм радиацэу къащIихунур рентген къызэрыгъэкIым къыпкъырыкIым нэхърэ мынэхъыбэну. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьымэ, жиIащ абы . - Чернобыль иджыри илъэсищlэ укIуэ хъунукъым. Абы радиацэр щыужьыхахьым».

Апхуэдэ дыдэу къелытэ Урысейм и «Чернобыль» зэгухьэныгъэм и унафэщI Гришин Вячеслав: «Украинэм и экономикэм и дежкlэ мы Iуэхур щIэгъэкъуэн хъуну къыщIэкIынщ. Арщхьэкlэ Чернобылыр иджыри хуабжьу щIыпlэ шынагъуэщ».

Араши, дзыхьщIыгъуэдж гъуэгуанэ техьэну хуейкъэ Чернобыль зэрохь. Ауэ хэт ищIэн а псори зэриухынур?

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

ХабзэмышIэ... хабзэхъумэ

Ди гъунэгъу Псыхуабэ и къалэ полицэм и инспекторым илъэси 9 зи ныбжь щIалэ цIыкIум жьэхигъэуащ къулыкъу зэрищIэ автомашинэр. Сабийр гъуэгум телъадат уэзэрыкIыну хуит ущамыщI щIыпlэм. Полицейр ипэ ит автомобилым щхьэдэхьыт псынщIагъы: шхуэ иIыгъыу Игъуэта фэбжькъэ апхуэдизкlэ хьэлъэти, лъэсырыкIуэ ныбжьыщIэр щIэхуу нагъэсын хуей хъуащ сымаджэщым и реанимацэ къудамэм.

УГОПВНЭ Iуэху къалэтащ. Полицейм шэч хуащI гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр къыщэпиудауэ икIи зэрымыщIэкlэ цIыхум и узынщагъэм хуабжьу зэран хуэхъу сэкъат иригъэгъуэтауэ. Ар игъэтIысэнкlэ хъунущ илъэсищ тралъхьэу.

Iуэхур зэхэзыгъэкIхэм къаплъыхьащ нэщIэбжьэр къыщыхъуа щIыпlэр. Ахэр япкърыпщIыхьащ щыхьэтхэм.

● Псэукlэ

Хэхъуэхэмрэ хэщIхэмрэ

Зэман гъунэгъум урысейхэр щымыгугъуми хъунущ я улахуэхэм хэхъуэным. Араш къикIыр УФ-м экономикэ зыужьныгъэмкlэ и министр Орешкин Максим иджыблагъэ журналистхэм яжриIаxэм.

ЦIыхУХЭМ илъэсыплэкlэ яIэрыхьэ хэхъуэхэм зэрызаIэтынур процент 0,1-кlэщ. Ар зи ягъэр абыхэм мащIэ дыдэ фIэкIа къыззрамыщэхуфыщ, лэжьыгъэр зэрызэпэубыдарщ, - ягурагъэIуащ къулыкъущIэм.

Нэхъыпlэм нэхъыбэIуэкlэ къаГэгугъат: хэхъуэхэр зы проценткlэ дэкIуеину жаIат. Ар къайхъуIэни хуэдэт - гуащIэрыпсэухэм илъэсыплэкlэ яIэрыхьэхэр (нэгъуэщIу жыпlэмэ, инфляцэмрэ фIэкIыпlэ имыIэу ятын хуейхэмрэ хэгъэкIауэ) 2014 гъэм къыщыщIздзауэ 2017 гъэр къэсыху ехуэхамэ, нэгъабэ мис а процент 0,1-рэ дыдэмкlэ дэкIуеят. Утепсэлъыхьыну емыкIу хуэдэу мащIэщ, ауэ итIани...

Министерствэм къыщалъытэ кредитышхуэIуэ зэратыжьым цIыхухэм я хэхъуэхэр ириудыкIыу. Ахэр ятхьэлэ банкхэм я щIыхэм. Улахуэхэмрэ пенсэхэмрэ хущIагъуэхэр яшх банкхэм. Министерствэм зэрыщыжаIащи, мы гъэм и япэ мазищым хэхъуэхэм я процент 43,9-р щыхуэхэм яхуэзэрт. Кредит къеIыхьахахэм я процент 15-м езыхэм я хэхъуэхэм я процент 70-р банкхэм иратыжьын хуейт. Абы псэукIэр хуабжьу зэIегъахьэ.

Урысейхэм къатехуэ щIыхуэхэм нэхъапэм хуэдэу заIэтмэ (зы илъэсым процент 25-кlэ), Iуэхур зэIыхьэпэнущ. Хэбгъэзэхьымэ, а щIыхуэр ямытыжьхэным хуэкIуэнкlэ хъунущ. ИтIанэ къэралыр кризисым иубыдынущ, и экономикэр екуэхынущ.

Министерствэм апхуэдэу щагъэмэщIащ нэхъапэм яубыхуауэ щыта нэгъуэщI бжьыгъэхэри - зэрыщыту экономикэм и зыужьныгъэм, щыдагъэм и уасэм, сомым и къарум егъэщIылIауэ. Зыри пэплъакъым США-мрэ Китаймрэ зэращIылIа сату зауэм апхуэдиз къикIыну.

А псоми къулейсысыгъэм ехьэлIа бэнэныгъэр хуабжьу къаГэтIэсхэнущ. ЕтIанэ зэрыгъэр техьэнущ и цIыхухэм я процент 12,5-р хуэмыщIа дыдэу. Нэхъапэм зыхуагъэфащар процент 12-т.

Хьыбар нэхъыфIыIуэхэри щыIэщ - инфляцэр екуэхынущ, уасэхэм зэрызаIэтынур процентти 3,8-кlэщ. Ауэ ар къызыхэкIыр ахъшэ зэрамыIэм папщIэ цIыхухэр зэрымыщахуэжырщ. Абыхэм я дежкlэ мыхьэнэ зиIэр хуэхъуэхэмрэ хэщIхэмрэ я зэхущытыкIэрщ. ИтIанэщ инфляцэр зэрехуэхым щыщщIугфIыкIынур.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Сабийхэм еджэн щIадзэжащ, ауэ ахэр здэкIуэ школхэр хуабжьу зэщхьэщокI зыщыщ къэралхэр зэрызэмыщхьым хуэдэу. Мы тхыгъэм дэ куэдрэ къыщыдгъэсэбэпын хуей хъунущ «дыдэ» псалъэр.

Урысей

Iэпхъуэшапхъуэхэр

Якутием и Іэщыхъэжьэм я бынхэр гъэ еджагъуэ псор къызэщIиубыдэу школхэм екIуэлIэфыртэкъым: я адэанэхэм я гъусэу ахэр Іэпхъуэн хуей хъурт щыхьхэр щагъэхъуэжкIуэну щыпlэ-щыпlэхэм. Пэжщ, щыIэт школ-интернатхэри. Арщхьэкlэ къэзыIэхуахэм хуабжьу я жагъуэт я сабийхэр пlэщIэ ящIын. Иджыблагъэ псоми захъуэжащ, Класс Іэпхъуэшапхъуэхэр къэунэхуащ: егъэджакIуэхэм щIалэ цIыкIуэмрэ хъыджэбз цIыкIуэхэмрэ я гъусэу яхъуэж Іэщыхъуэхэм я хэщIапlэхэр. Абыхэм щагъаджэ къэувыIэпlэхэм щагъэува шэтыркъым.

КIуэ пэтми, Іэхъур йофакIуэ: дыгъэ бзий батарейхэм я фIыгъэкlэ щIыхуэхэм электрокъарур яIэ хъуащ. Интернетри ГъащIэм къыхьыхащ.

Швейцарие

Нэхъ къулей дыдэ

Мы зэманым сабийхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей щыхуагъазэ уней еджапlэ пlэпlэхэр мащIэкъым. Арщхьэкlэ ахэр уасэхэмкlэ ауэ жьжьэуи лъэщIыхьэнукъым Швейцарием щыIэ Пащтыхь школым.

Апхуэдэщlэ зэрихьэми, мыбы щеджэхэр пащтыхьхэм я щIэблэхэркъым, атIэ къэрал 67-м къикIа сабийхэрщ. УщIагъэтIысхъэн щхьэкlэ узыхуейри зы закъуэщ: ахъшэщ - илъэс къэс адэ-анэхэм еврэ миниищ Іах. Дауи, ахъшэшхуэщ, ауэ школым абы и уасэщ: еврэхэм щыщ еджакIуэхэм иратыж жыпlэ ахъшэу ебгъэсэбэпын папщIэ.

1880 гъэм школыр щыIэщ гектар 28-рэ зыубыд щIыпlэ дахащэм - Женевэ гуэлымрэ Лозаннэрэ я зэхуакум.

Щеджэри XIV лIэщIыгъуэм яуха чэщанэрщ. Пэжщ, щIымахуэхэм деж Гтад бгы-лыжэ курортым мэIэпхъуэ. Ирагъасэри, зы тхьэмахуэ зэхуакум пlIэ лыжжкlэ къыщагъэжьжь. Пэм и сыт хуэдэ зэманми хуэщIа бассейнхэри яIэщ.

Школым щоджэ зи ныбжьыр илъэси 8-м къыщыщIздзауэ 18-м нэсхэу 400 хуэдиз. Класс къэс щIалэ цIыкIухэу, хъыджэбз цIыкIуэху щIэсыр 10-м щIигъуркъым. Абыхэм хамэ къэралыбзэу 4 щадж.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ школыр къэзыухахэм я процент 30-р гугуехь гуэри хэмыльу (зыри ядэмыIэпкъуу) дунейм и еджапlэ нэхъыфIхэу 25-м зэрыщIэтыгъэсхэфыр.

Индие

ФIымрэ Іеймрэ

Нэхъ школ къуейсыз дыдэхэр здэщыIэр Африкэрауэ жаIэ: мыбы сабий куэд щрагъаджэр зи ихьгъуэм нэса гуэщ мыфэмыцхэщ. Арщхьэкlэ хьэрэмыр къитэIыгъыщIэну зызыгъэхъэзыр икIи зи экономикэм лъэщу зиужьхэм хабжэ Индием къыщыхъухэр телъыджащ.

Нью-Дели и факъырэ хьэблэхэм ящыщ зым щыIэщ лъэмыкъышхуэм и щIагъым щIэт школ. Абы къеГэлъагъуэ Іуэхур зыIутыр. Махуэ къэс сабий 50-м нэблагъэ мыбдеж щреГаджэ тикуэн цIыкIу зиIэ Раджив Кумарэ Шарме. Зыгъратхэ пхъэбгъуи и пIэкlэ мыбы нэхъыбэрэ къыщащIэсэбэпыр бетон блынырщ. Школыр илъэс зыбжанэ хуауэ мэлажьэ. Егъэджакlуэм пщIэ яIихьыркъым. Ар зыхуейр зыщ: уэрамхэм щымыхьэулейуэ сабийхэр еджэнырщ. Псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэнращи, мы школым щIэскъым щыщIезыгъэх, урокхэм емыкIуалIэ. Сабий псоми унэ лэжьыгъэхэр егупгъуу ягъэзащIэ.

Тибет

Удэплъеймэ - уафэ, укъеплъыхмэ - щIылъэ...

Къуажэдэс куэд иротхьэусыхэ езыхэм я бынхэр школхэм зэрапэжьжьэм. Дауи, абыхэм зыри хащIыкIыркъым Пхумачантанг (Тибет) и пэщIэдзэ школыр здащIыIэм.

А еджапlэр дунейм и школ нэхъ лъагэ дыдэу къалъытэ. Унэр метр 5373-рэ зи лъагагъ щIыпlэм тетщ. Уеблэмэ, закъуэтIакъэщ апхуэдэ бгым дэкIуеину тегушхуэнур! Арщхьэкlэ щIыпlэм щыщ сабийхэм махуэ къэс а гъуэгуанэ хьэлъэр зэпачэщIэныгъэ зрагъэгъуэтын папщIэ. ЩIылIэри, щIыфэм зэпхрызыдз жьапщэри, уэсри зыкIи зэран яхуэхъурькъым ныбжьыщIэхэм.

Колумбие

Гугъущ икIи шынагъуэщ

Урысей школакIуэхэм яфIэфIщ кlапсэшхуэхэмкlэ хъыринэ ещIэну. Ауэ Колумбием и къуршхэм щыIэ Пос Пинос къуажэ цIыкIум щыпсэу ныбжьыщIэхэм ар Іэмалыншагъэкlэ къагъэсэбэпын хуей мэхъу.

Зи щIагъыр уэзыпхрымыкIыфыну щыт бгы гъунэгъум тет я школым ахэр зэрыкIуэфыр кlапсэ гъуэгум и закъуэщ. Апхуэдэ «транспортыр» зэрышынагъуэм, мыбдеж къарууфI ущиIэн, Іэзагъ щыпхэлъын зэрыхуейм къыхэкIыу ар къэзыгъэсэбэпыр класс нэхъыжьхэм щеджэхэрщ. Абыхэм я куэщIхэм исщ я къуэш, шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIухэр.

Араши, мы дунейм узыщримыхьэлIэ щыIэкъым.

ФокIадэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп
Еянэ джэгуегуэ
ФокIадэм и 8
(тхьэмахуэ)
«Краснодар-3» (Краснодар) - «Волгарь» (Астрахань)
«Алания» (Владикавказ) - «Мэхъэчкъалэ» (Мэхэчкъалэ)
«Анжи» (Мэхъэчкъалэ) - «Урожай» (Краснодар)
«Спартак-Налшык» (Налшык) - **«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь)**
«Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ) - «Интер» (Черкесск)
«Черноморец» (Новороссийск) - «Мэшыкъуэкъ КМВ» (Псыхуабэ)
«Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - «Дружба» (Мейкьуапэ)
СКА (Дон Іус Ростов) - «Спартак-Владикавказ» (Владикавказ)
Ебгъуанэ джэгуегуэ
ФокIадэм и 14
(щэбэт)
«Динамо-Ставрополь» - «Алания»
«Мэхъэчкъалэ» - «Черноморец»
«Интер» - **«Спартак-Налшык»**
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Краснодар-3»
«Урожай» - «Биолог-Новокубанск»
«Волгарь» - «Анжи»
«Дружба» - СКА
«Спартак-Владикавказ» - «Легион Динамо»
ЕпщIанэ джэгуегуэ
ФокIадэм и 21
(щэбэт)
«Краснодар-3» - «Мэхъэчкъалэ»
«Черноморец» - «Динамо-Ставрополь»
«Волгарь» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Алания» - «Интер»
«Спартак-Налшык» - **«Спартак-Владикавказ»**
«Анжи» - «Биолог-Новокубанск»
«Легион Динамо» - «Дружба»
СКА - «Урожай»
Епщыкlуэнэ джэгуегуэ
ФокIадэм и 28
(щэбэт)
«Интер» - «Черноморец»
«Динамо-Ставрополь» - «Краснодар-3»
«Спартак-Владикавказ» - «Алания»
«Мэхъэчкъалэ» - «Волгарь»
«Биолог-Новокубанск» - СКА
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Анжи»
«Урожай» - «Легион Динамо»
«Дружба» - «Спартак-Налшык»
Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат
ТIощIрэ етIуанэ джэгуегуэ
ФокIадэм и 7
(щэбэт)
«Автозапчасть» (Бахъсэн) - «Тэрч» (Тэрч)
«Малка» (Малкэ) - «ХьэтIохъущыкъуей» (ХьэтIохъущыкъуей)
«Псыкуэд» (Псыкуэд) - «Налшык» (Налшык)
«Къундетей» (Шэджэм) - «Нарт» (Нарткъалэ)
ФокIадэм и 8
(тхьэмахуэ)
«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Искъэмей» (Искъэмей)
«Нартан» (Нартан) - «Акъбащ» (Акъбащ Ищхъэрэ)
«Энергетик» (Прохладнэ) - «Кертр» (Къэхъун)
«Спартак-Д» (Налшык) - «Родник» (Псынэдахэ)
ТIощIрэ ещанэ джэгуегуэ
ФокIадэм и 14
(щэбэт)
«Керт» - «Къундетей»
«Акъбащ» - «Псыкуэд»
«Налшык» - «Малка»
«ХьэтIохъущыкъуей» - «Автозапчасть»
ФокIадэм и 15
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Д» - «ЛогоВАЗ»
«Родник» - «Энергетик»
«Нарт» - «Нартан»
«Тэрч» - «Искъэмей»
ТIощIрэ еплIанэ джэгуегуэ
ФокIадэм и 21
(щэбэт)
«ЛогоВАЗ» - «Тэрч»
«Автозапчасть» - «Налшык»
«Малка» - «Акъбащ»
«Псыкуэд» - «Нарт»
ФокIадэм и 22
(тхьэмахуэ)
«Искъэмей» - «ХьэтIохъущыкъуей»
«Нартан» - «Керт»
«Къундетей» - «Родник»
«Энергетик» - «Спартак-Д»
ТIощIрэ етхуанэ джэгуегуэ
ФокIадэм и 28
(щэбэт)
«Родник» - «Нартан»
«Нарт» - «Малка»
«Акъбащ» - «Автозапчасть»
«Налшык» - «Искъэмей»
ФокIадэм и 29
(тхьэмахуэ)
«Энергетик» - «ЛогоВАЗ»
«Спартак-Д» - «Къундетей»
«Керт» - «Псыкуэд»
«ХьэтIохъущыкъуей» - «Тэрч»

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Урысейм иц адыгэхэм я пэлъэкъащхэ абзэ автономием, «Адыгэ псалъэ» газетым я лэжьакIуэхэр ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупым хэт, Европэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэу щыта **Тlамжьыкlуэ Умар-Фарукъ** хуогуазэ абы и къуэш **Тlамжьыкlуэ Мунзир** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Къалэ зэтIолъхуэныкъуэхэр

ЮНЕСКО-м и Дунейпсо щIэинэхэм яхэтщ Австриеи и Гальштат къалэр. Ауэ мы сурэтым щыфIалъгъур абы и зэтIолъхуэныкъуэ къалэрщ, Гуандун Китай провинцэм щаухъарщ. Ар зэфIэгъэувэным псори зэхэту доллар мелуан 940-рэ трагъакIуэщ. И гъэгуэхэри, члисэри, тхыпхъэщIыпхъэхэри хэту пхъэм къыхащIыкIа унэхэри Гальштат дыдэм ещхьыркъабзэщ. Ар ящIащ китай мелуанырыбжэм и ахъшэкlэ.

Австриеи а цIэ дыдэр щызэзыхьэ и къалэм щыпсэуэр ирогушхуэ Китаим абы ещхьыркъабзэ жылагъуэ зэрыщащаухуам. Иджы а къалэ зэтIолъхуэныкъуэхэм я цIыхухэр зэкIэлъэкIуэ.

● Футбол

ХьэщIэ жыджэрхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу зэхэта футболымкlэ республикэм и чемпионатым и зи чэзу джэгуегуэм хьэщIэхэр хэпщIыкIыу щынэхъ жыджэращ: зэIущIи 8-м ящыщу 5-м абыхэм текIуэныгъэр къыщахьащ.

ЩJЭБЭТ кIуамрэ тхьэмахуэмрэ хьэщIэхуэфIу къыщIэкIащ Искъэмей, Къэхъун, Акъбащ Ищхъэрэ. ХьэтIохъущыкъуей къуажэхэр, Нарткъалэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым хыхь зэIущIэхэр езыгъэкIуэкIыну къэкIуа командэхэм ящыщ текIуэныгъэхэмкlэ яхуэупсащ. Пэжщ, «Искъэмейм» - «Нартымрэ» армырамы япэщIэтысхыну къыщIэкlынтхъэм зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щIыгъыну къахуеблэгъа «Автозапчасть»-мрэ «Энергетик»-мрэ. Абы щыгъуэми я хьэрэгъуэгъэр хагъэщIэфын хуейщ турнир таблицэм езыхэм я лъабжьэм къыщыщыт «Спартак-Д»-мрэ «Псыкуэдымрэ» зыхуэкIуа «Керт»-мрэ «ХьэтIощIыкъуейм»-рэ.

Джэгуегуэр блэкIам ипэжыпlэкlэ зи стадионым щытекIуэфар «Тэрчымрэ» «Налшыкымрэщ». «ЛогоВАЗ»-р Псынэдахэ зэрымыкIуам къыхэкIыу щIыпlэ «Родник»-р абы 3:0-у ефIэкIауэ ятхуэзэ аращ.

Бахъсэн и «Автозапчасть»-м и пашэ Бэчбо Мурат гъуэщхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщIыIащ. Фlэщщыгъуейщ мы гъэр абы иутIыпщыну.

Иджы фыщыщдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжьыгъэ псоми. Мис ахэр: **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:0**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Малка»** (Малкэ) - **2:1**, **«Искъэмей»** (Искъэмей) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:4**, **«Керт»** (Къэхъун) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **2:3**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **0:7**, **«Акъбащ»** (Акъбащ Ищхъэрэ) - **«Къундетей»** (Шэджэм) - **0:1**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Нартан»** (Нартан) - **3:1**, **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **1:2**.

ХЬЭТАУ Исльам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщхьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщыкIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Автозапчасть»**	**21**	**19**	**1**	**1**	**108-17**	**58**
2.	**«Тэрч»**	**21**	**17**	**2**	**2**	**53-21**	**53**
3.	**«Энергетик»**	**21**	**17**	**1**	**3**	**83-28**	**52**
4.	«Керт»	21	13	3	5	76-31	42
5.	«Спартак-Д»	21	12	2	7	47-32	38
6.	«Малка»	21	9	3	9	54-53	30
7.	«Искъэмей»	21	8	6	7	44-45	30
8.	«Налшык»	20	8	4	8	45-41	28
9.	«ХьэтIохъущыкъуей»	21	7	3	11	43-53	24
10.	«Къундетей»	21	7	3	11	36-57	24
11.	«Нарт»	21	5	7	9	34-59	22
12.	«Родник»	20	6	2	12	32-58	20
13.	«ЛогоВАЗ»	21	5	4	12	42-61	19
14.	**«Псыкуэд»**	**20**	**3**	**4**	**13**	**24-88**	**13**
15.	**«Акъбащ»**	**21**	**3**	**3**	**15**	**31-69**	**12**
16.	**«Нартан»**	**20**	**3**	**0**	**17**	**27-66**	**9**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэныжкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ1анIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.083
Заказ №800